Sesyon siplemantè sou pouvwa, vyolans sou fanm ak tifi epi VIH/SIDA

KOURIKOULÒM KORE TIFI

Etap Chanjman pou elèv: Faz 2 (Konsyantize)

Gid pou pwofesè

SYANS SOSYAL

Twazyèm Sik Fondamantal (7yèm, 8yèm ak 9yèm Ane)

REPANSE POUVWA
An nou balanse pouvwa ant fi ak gason

KORE TIFI

BEYOND BORDERS

Repanse Pouvwa ekri dokiman sa a, avèk kolaborasyon Institution Mixte Père Louis-Farnèse LOUIS-CHARLES, Kap Wouj.

Remèsiman espesyal pou Pwofesè Syans Sosyal Dieumerite François, Jean Baptiste Gabner, ak Rony Antoine, epi Ekip Repanse Pouvwa ki te kreye ak adapte sesyon yo. Mèsi pou Jean Judson Joseph, pou kontribisyon li nan faz final dokiman sa a. Mèsi pou Raising Voices ki te kreye plizyè sesyon ki soti nan metodoloji SASA! e ki adapte nan liv la.

KOURIKOULÒM *KORE TIFI*

SYANS SOSYAL

TWAZYÈM SIK FONDAMANTAL

(7YÈM, 8YÈM AK 9YÈM ANE)

- Syans Sosyal – 7yèm Ane Fondamantal 3
- Syans Sosyal – 8yèm Ane Fondamantal 29
- Syans Sosyal – 9yèm Ane Fondamantal 63



7 SESYON POU YÈM ANE FONDAMANTAL SYANS SOSYAL





Dokiman syans sosyal sa a pran an kont kourikoulòm syans sosyal Ministè Edikasyon Nasyonal ak Fòmasyon Pwofesyonèl (MENFP)1 . Tèm yo suiv objektif jeneral kourikoulòm nan ki di konsa: "Konprann dinamik evolisyon sosyete imèn yo" (p. 35).

Konsepsyon sou pouvwa ant de moun ki fòme yon koup oubyen nan fanmi, wòl sosyete a fikse pou fanm ak gason, sitirans ak konsekans vyolans sou fanm anndan sosyete a, mepri ak batay pou dwa moun, tout sa rantre nan dinamik evolisyon sosyete yo. Dokiman sa a envite nou mete elèv nou yo nan yon anbyans pou yo devlope lespri kritik yo epi pran pozisyon pou dwa moun kont vyolans. Tablo pi ba a prezante tèm ki trete yo, dokiman referans, aktivite ak dire.

Tèm	Sesyon, lè ak paj	Referans nan kourikoulòm /liv
Pouvwa	Papye Pouvwa (45 minit) paj 3	Kourikoulòm leta: *De l'apparition de l'homme à 3200 ans av. Jésus-Christ*, paj 35. Liv: *Le monde et son passé.* Zamor Rémy ak Auguste Geneviève D. 7ème A. F. Chapitre 1: Notion d'histoire, nan fen chapit, paj 6.
Wòl fanm ak wòl gason, oubyen konsèp "genre"	Kisa sosyete a ap atann? (45 minit) paj 7	Kourikoulòm leta: *Les grands moments de cette période (L'apparition de l'homme à 3200 ans av. Jésus-Christ)*, paj 35. Liv: *Le monde et son passé.* Zamor Rémy ak Auguste Geneviève D. 7ème A. F. Chapitre 4: L'âge de la pierre, paj 22.
Dwa Moun	Entwodiksyon sou dwa moun (30 minit) paj 11	Kourikoulòm leta: *De 3200 ans avant Jésus-Christ au 3e siècle,* paj 37. Liv: *Le monde et son passé.* Zamor Rémy ak Auguste Geneviève D. 7ème A. F. Chapitre 6: Notions de civilisation, paj 26, apre ou pale sou "Le groupe".
Vyolans sou fanm ak tifi (Definisyon ak tip)	Kisa vyolans sou fanm ak tifi ye? (30 minit) paj 19	Kourikoulòm leta: *Trois grands foyers de civilisation*, paj 37. Liv: *Le monde et son passé.* Zamor Rémy ak Auguste Geneviève D. 7ème A. F. Chapitre 7: La civilisation égyptienne, paj 31, apre paragraf sou esklav yo « Les Esclaves ».
Vyolans sou fanm ak tifi (*Lyen ant vyolans sou fanm ak tifi avèk pouvwa, kontwòl*)	Rapò ki genyen ant vyolans sou fanm ak pouvwa epi kontwòl (30 minit) paj 22	Kourikoulòm leta: *Égypte (Culture et civilisation),* paj 37. Liv: *Le monde et son passé.* Zamor Rémy ak Auguste Geneviève D. 7ème A. F. Chapitre 7: La civilisation égyptienne, paj 31, apre paragraf sou esklav yo, epi apre premye sesyon sou Vyolans sou fanm ak tifi.
Vyolans sou fanm ak tifi (Konsekans vyolans sou fanm ak tifi)	Sa k pase lè gen vyolans? (45 minit) paj 25	Kourikoulòm leta: *La dimension américidienne dans le passé de la Caraïbe*, paj 38. Liv: *Le monde et son passé.* Zamor Rémy ak Auguste Geneviève D. 7ème A. F. Chapitre 12: Civilisations précolombiennes d'Haiti, paj 78, nan fen chapit la.

Tèm : Pouvwa

Papye Pouvwa[2] (45 minit)

Objektif:

- Montre kijan yon moun dwe sèvi ak pouvwa l genyen.
- Montre lyen ki genyen ant pouvwa ak dewoulman listwa.

Preparasyon pwofèsè a bezwen fè:

- Jwenn ase moso papye pou separe klas la an gwoup de 3 - 4 moun, epi pou chak gwoup jwenn yon moso papye.
- Reflechi sou kijan l ap òganize klas la pou fè gwoup yo.
- *NB: Eseye fè elèv yo konprann nan sesyon sa a, nou p ap pale sou pouvwa politik, paske pouvwa politik gen yon lòt dinamik. Se vote nou vote otorite politik yo (majistra, prezidan, azèk, kazèk, palmantè, elatriye) pou yo kapab aji nan non pèp la nan kèk bagay pou peyi a. Se pa sou pouvwa sa a n ap pale. N ap pale pito sou gwoup sosyal, tankou si ou wouj oubyen nwa, si ou fi oubyen gason, si ou rich oubyen pòv, elatriye. Se pa bagay nou chwazi pou tèt nou.*

Pwopozisyon fason pou ou soti nan liv la pou ou antre nan tèm nan:

1) Esplike: "*Nan chapit sa a nou te wè jan listwa anseye nou tolerans, respè pou lide lòt moun ak enpasyalite. An nou gade kijan mo sa yo mache ak tèm pouvwa.*"

NB:

- *Enpasyalite vle di: san fòs kote, san paspouki, san patipri, byen balanse, san moun pa.*
- *Pouvwa vle di nan sans sa a kapasite pou ou fè yon chanjman oubyen deside sa k pase nan lavi ou, nan fanmi ou ak nan kominote a. Gen plizyè mo ki ale nan menm sans ak pouvwa, si elèv yo bezwen konprann definisyon an pi byen, tankou: fòs, ladrès, otorite, vyolans, prestij, kontwòl, lajan, enèji, elatriye.*

2) Si nou pa konprann pouvwa, nou pa p kapab kiltive tolerans, respè ak enpasyalite e genyen plizyè aspè nan listwa nou pa p kapab byen konprann. An nou pale sou pouvwa, epi apre sa nap tounen sou kesyon istwa.

Egzèsis:

1) Esplike: "*Egzèsis sa a pral pèmèt nou santi kouman sa ye lè yon moun gen pouvwa. Nan aktivite sa a, n ap rete an silans. Sa se yon egzèsis san pawòl li ye. Kounye a, chita an silans, fèmen je nou epi konsantre nou sou kesyon m ap poze yo. Reflechi sou yo an silans e chak moun dwe jwenn pwòp repons pa li.*"

2) Mande:

   a. *"Kisa 'pouvwa' vle di pou ou?"*

   b. *"Lè ou tande mo "pouvwa", kisa ki vin nan tèt ou?"*

   c. *"Reflechi sou pouvwa nan lavi pa w. Èske w santi w gen pouvwa?"*

   d. *"Kouman yon moun santi l lè l gen pouvwa?"*

   e. *"Kouman ou sèvi ak pouvwa pa w?"*

   f. *"Èske w santi lòt moun gen plis pouvwa pase w?"*

   g. *"Kouman sa fè w santi w?"*

   h. *"Èske ou ta vle gen plis pouvwa?"*

3) Mande elèv yo: "*Louvri je w tou dousman, lè w santi w pare pou sa*"

4) Esplike: "*Ou poko ap reponn kesyon sa yo. Talè n ap brase lide sou yo.*"

5) Separe yo an ti gwoup 4 a 5 moun epi bay chak gwoup yon gwo fèy papye. Apre sa, mande yo kanpe, epi mete yon men dèyè do yo.Eseye fè soti pwen sa yo:

6) Esplike: "*Chak gwoup pral pran fèy papye ki pou li a. Kenbe l ansanm, chak moun ak yon sèl men. Imajine tout pouvwa nou chak genyen endividyèlman, epi pouvwa nou genyen an gwoup, se nan grenn fèy papye sa a li chita. Lè m fin konte jiska 3, nou tout dwe 'pran pouvwa nou.' 1, 2, 3.*"

7) Kite elèv yo reyaji jan yo vle. Ba yo anviwon yon minit. Obsève reyaksyon gwoup la pandan egzèsis sa a, epi asire w pa gen pèsonn ki agresif oubyen k ap aji ak vyolans.

8) Apre 1 a 2 minit mande elèv yo mete papye yo atè epi reprann plas yo.

9) Mande gwoup la:

a. *"Kouman ou te santi w nan premye pati egzèsis la? Kisa ki te vin nan tèt ou lè w tap imajine pouvwa?"*

b. *Èske pouvwa se yon bagay pozitif oubyen negatif?*

c. *"Kouman ou te santi w lè m te mande w imajine ke tout pouvwa w chita nan yon sèl fèy papye?"*

d. *"Kisa ki te pase nan gwoup la lè m te mande nou pou n 'pran pouvwa nou'?"*

e. *"Èske te gen kèk moun ki te eseye rale papye nan men lòt yo agresivman, oubyen gwoup la te rete kè kal pou deside kouman pou yo pataje papye a ?"*

f. *"Kijan gwoup la te ka pataje pouvwa yon lòt fason?"*

g. *"Kouman egzèsis sa a te fè ou santi ou?"*

h. *"Kijan eksperyans nou fè nan egzèsis sa a te sanble ak jan moun jere pouvwa yo nan kominote nou an?"*

10) Fè yon ti rezime ak elèv yo sou kisa pouvwa ye, epi asire yo konprann pwen sa yo:

- "*Tout moun gen pouvwa.*"
- "*Pouvwa se yon bagay pozitif, men yon moun ka sèvi avè l yon fason pozitif oubyen yon fason negatif.*"
- "*Si nou pa byen konprann pouvwa, nou pa ka konprann listwa tou. Si nou pa byen sèvi ak pouvwa nou, nou p ap ka genyen tolerans, respè ak enpasyalite.*"
- "*Si nou kontinye reflechi lè nou li istwa sou kiyès ki te gen pouvwa, epi kijan yo te sèvi ak pouvwa yo, sa kapab ede nou pi byen konprann istwa epi pi byen konprann lavi nou jodi a tou.*"

11) Opsyon: Rezime siplemantè: "*Chak fwa n ap etidye istwa, li enpòtan pou nou reflechi sou konsèp pouvwa paske si nou pa konprann konsèp pouvwa, nou p ap kapab kiltive tolerans, respè ak enpasyalite.*"

Enfòmasyon pou elèv yo kenbe nan tèt yo apre sesyon an :

Tout moun gen pouvwa. Pouvwa se yon bagay pozitif, men yon moun ka sèvi avè l yon fason pozitif oubyen yon fason negatif. Chwa a se nan men nou. Si nou pa byen konprann pouvwa, nou pa ka konprann listwa tou.

Evalyasyon elèv:

Pwofesè a kapab deside kijan l ap fè evalyasyon elèv yo tankou, kòm devwa nan kay, nan tès nan fen chapit la, oubyen nan estil oral nan fen kou a, elatriye.

- Ki rapò ki genyen ant istwa ak pouvwa?
- Si yon moun mal sèvi ak pouvwa li, èske nou ka di li konprann respè, tolerans ak enpasyalite ki se valè istwa aprann nou? Esplike.
- Si yon moun byen sèvi ak pouvwa li, ki avantaj sa ap bay nan anviwonman li si nou konsidere valè sa yo: respè, tolerans ak enpasyalite?

Tèm: Wòl fanm ak wòl gason (konsèp “genre”)

Kisa sosyete a ap atann?[2] (45 minit)

Objektif:

- Chèche konnen kijan sosyete yo wè fanm ak gason/ti fi ak ti gason.
- Montre kouman jan yo wè fanm ak gason/tifi ak ti gason ankouraje dezekilib nan relasyon yo.
- Konpare wòl fanm ak wòl gason nan tan pase ak kounye a.

Preparasyon pwofèsè a bezwen fè:

- Prepare 3 gwo fèy papye, ekri youn nan tit sa yo sou yo, epi kole yo nan 3 kote diferan nan sal la:
  - Gason/ti gason
  - Fanm/tifi
  - Tout moun (fi ak gason)

Pwopozisyon fason pou ou soti nan liv la pou ou antre nan tèm nan:

1) Esplike: "*Pou n pi byen konprann yon peryòd nan listwa, li enpòtan pou n gade wòl fanm te jwe ak wòl gason te jwe nan peryòd sa a. An nou konpare wòl fanm ak wòl gason genyen jodi a ak wòl yo te genyen nan peryòd palewolitik ak newolitik.*"

2) Ekri kesyon sa a devan elèv yo, epi di yo n ap reponn li apre sesyon sa a: *Èske wòl fanm ak wòl gason kapab chanje?*

Egzèsis:

1) Esplike elèv yo:

    a. *"Kounye a n ap gade wòl fanm ak wòl gason anndan sosyete nou an jodi a. W ap fè aktivite a selon sa ou menm ou konprann sou kisa sosyete a di ki bon pou yon fanm fè, oubyen pou yon gason fè. Apre sa, n ap gade menm wòl sa yo nan istwa, men pou kounye a n ap koumanse ak sosyete (aktyèl) pa nou an."*

    b. *"Gade 3 fèy papye ki sou mi yo. Mwen pral li kèk fraz. Chak fwa nou fin tande yon fraz, deside si li dwe ale nan 'gason/ti gason,' oubyen nan 'fanm/tifi' oswa nan 'Tout moun - fi ak gason' epi al kanpe bò papye nou chwazi a. Sonje pou n reflechi pou tèt nou. Tout moun pa oblije gen menm opinyon. N ap reponn selon sa sosyete a di nou, men pa fòseman selon sa nou wè ki lojik pou nou."*

2) Pou w kòmanse egzèsis la, li premye fraz la epi esplike: *"Kiyès ki kapab ale vini nan nwit san yo pa bezwen pè? Èske se Gason/ti gason? Èske se Fanm/Tifi? Oubyen èske se Tout moun - fi ak gason, toude?"*

3) Si gen diferans nan opinyon moun (pa egzanp, kèk elèv al kanpe bò Gason/ti gason epi lòt al kanpe bò kote Fanm/tifi) poze kesyon sa yo:

    a. *"Poukisa ou panse fraz sa a dwe ale nan (Li tit fèy kote gwoup moun yo kanpe)?"*

    b. *"Epi poukisa ou panse fraz sa a dwe ale nan (Li tit fèy kote yon lòt gwoup moun kanpe)?"*

4) Mande gwoup yo pou yo prezante agiman ki pou konvenk lòt.

5) Kontinye jwe jwèt la ak kèk lòt fraz fasilitatè a chwazi nan lis pi ba a. Sispann a tan pou egzèsis la pa vin twò long. Fraz yo:

    ✓ Nou pa gen dwa kriye.

    ✓ Se nou ki konn al chase bèt.

- ✓ Se nou ki prepare manje.
- ✓ Se nou ki al nan dlo.
- ✓ Se nou ki doktè.
- ✓ Si nou ki bay kòb nan kay la.
- ✓ Nou gen plis tan pou nou repoze.
- ✓ Nou pa gen dwa bay dizon nou.

6) Mande elèv yo pou yo tounen nan plas yo lè yo fini. Poze kesyon sa yo:

   a. *"Kisa egzèsis sa a montre nou?"*

   b. *"Èske nou panse se vre gen yon seri bagay se fi oswa gason sèlman ki ka fè yo, jan sosyete a ap atann sa?"*

   c. *"Ki konsekans ki genyen lè sosyete a bay fanm ak gason wòl diferan pou yo jwe?"*

   d. *"Èske w panse gen fanm ki santi wòl sa yo anpeche yo avanse? Kèk gason tou?"*

7) Esplike: "*Kounye a, n ap fè tankou n nan tan lontan, nan peryòd palewolitik ak newolitik, epi n ap li menm fraz nou sot li yo. Chak fwa nou fin tande yon fraz, deside si li dwe ale nan 'gason/ ti gason,' oubyen nan 'fanm/ tifi' oswa nan 'Tout moun - fi ak gason' epi al kanpe bò papye nou chwazi a. Sonje fwa sa a, olye ou chwazi pou tèt ou, w ap chwazi selon sosyete a jan li te ye nan peryòd palewolitik ak newolitik.*"

8) Chwazi 3 nan fraz yo, epi repete jwèt la ak yo.

9) Poze kesyon sa yo:

   a. *"Nou te fè jwèt la 2 fwa - youn pou tan kounye a epi youn pou tan lontan. Ki diferans nou wè ant 2 epòk sa yo nan wòl fi ak gason? Èske wòl fi ak wòl gason kapab chanje? Esplike."*

   b. *"Èske ou ka jwenn kèk egzanp bagay fanm oswa tifi pa te ka fè lontan men yo gen dwa fè yo kounye a? (Nan repons yo nou ka jwenn: mete pantalon, al nan inivèsite, al vote, elatriye.) E gason oswa ti gason yo?"*

   c. *"E si ou te fèt nan lòt sèks la (fanm olye gason, oubyen gason olye fanm)—èske ou t ap renmen sa sosyete a atann de ou? Si wi, poukisa; si non, poukisa?"*

   d. *"Kouman atant sa yo sou wòl fi ak wòl gason anpeche nou fè sa nou ka fè kòm moun?"*

10) Rezime:

- *"Se byoloji ki detèmine sèks yon moun, men se sosyete a ki detèmine wòl gason ak wòl fi ('genre' an Franse)."*
- *"Se sa sosyete a atann de nou kòm fi oswa kòm gason ki defini wòl nou. Wòl sa yo kapab chanje nan chak peryòd istwa—pou jodi a, se nou menm ki kapab chanje yo!"*
- *"Pandan kominote yo ak kilti yo ap chanje, atant nou sou fason nou dwe konpòte nou akòz sèks nou kapab chanje tou."*
- *"Jan yon sosyete detèmine wòl fanm ak wòl gason, sa detèmine ki wòl moun meprize, ak kiyès ki genyen pouvwa."*

11) Opsyon: Rezime siplemantè: *"Depi nan peryòd palewolitik ak newolitik, sosyete a te konn defini sa ki wòl gason ak sa ki wòl fanm. Avèk evolisyon sosyete yo, wòl sa yo dwe chanje."*

Enfòmasyon pou elèv yo kenbe nan tèt yo apre sesyon an :

Sèks moun, oubyen si yon moun fi oubyen gason, se yon kesyon biyoloji sa ye. Men wòl pou fanm ak wòl pou gason, se sosyete a ki detèmine sa. E jan sosyete a fè sa montre ki moun ki gen plis pouvwa nan koup, nan fanmi e nan sosyete a, ki moun ki pi kapab jwi dwa yo, ki moun ki travay plis e ki wòl yo meprize.

Evalyasyon elèv:

Pwofesè a kapab deside kijan l ap fè evalyasyon elèv yo tankou, kòm devwa nan kay, nan tès nan fen chapit la, oubyen nan estil oral nan fen kou a, elatriye.

- Èske nan sosyete palewolitik ak newolitik yo fanm ak gason te konn ranpli menm wòl? Esplike.
- Èske fanm ak gason jwe menm wòl nan tan kounye a ak nan peryòd palewolitik, newolitik? Ki diferans ki genyen? Kisa ki sanble?
- Dapre nou, poukisa yo toujou di sa a se travay fanm, sa a se travay gason? Èske se vre?
- Si yon sosyete mete limit sou kisa yon fanm ka fè oubyen kisa yon gason ka fè, ki konsekans sa genyen?

Tèm: Dwa Moun

Entwodiksyon sou Dwa Moun (30 minit)

Objektif:

- Pèmèt elèv yo konprann konsèp ki rele "Dwa moun" ak enpòtans dwa moun genyen nan yon sivilizasyon.
- Konprann konsèp dwa moun apati *Deklarasyon Inivesèl Dwa Moun.*

Preparasyon pwofèsè a bezwen fè:

- Fè lekti epi konprann Deklarasyon Inivèsèl Dwa Moun, ki parèt nan denyè pati sesyon an, apre Evalyasyon elèv.
- Fè kopi Deklarasyon Inivèsèl Dwa Moun
- Genyen yon diksyonè
- Bristòl, sizo, makè ak tep

Pwopozisyon fason pou ou soti nan liv la pou ou antre nan tèm nan:

Esplike: "Kounye a, nou pral pale sou kisa "dwa moun" vle di, epi n ap pale sou modèl sosyete ki chita sou prensip 'dwa moun."

Egzèsis:

1) Esplike:

   a. *"Lè n ap pale de dwa moun, n ap pale de yon ansanm dwa ak libète yon moun genyen. Chak moun dwe genyen dwa ak libète sa yo kèlkeswa ras li, fanmi li, gwoup oubyen zòn li soti, sèks li, koulè po li, relijyon li, kwayans politik li, elatriye."*

   b. *"Sa ki esansyèl nan dwa moun, se respè ak diyite. Prensip pou respè ak diyite te toujou egziste men yo pa te ofisyèlman rekonèt prensip sa yo valab pou tout moun. Se nan Deklarasyon Inivèsèl Dwa Moun Nasyonzini (ONU) pwoklame prensip sa yo pou tout moun e se nan lane 1948, apre Dezyèm Gè Mondyal, sa te fèt."*

2) Mande 2 elèv youn apre lòt pou chèche 2 mo sa yo nan diksyonè a: "respè" ak "diyite".

3) Ekri repons yo sou tablo a.

4) Poze yo kesyon sa yo, epi brase lide sou yo:

   a. *Kisa mo "respè" ak "diyite" fè nou konprann?*

   b. *Kisa respè ak diyite enspire nou fè?*

   c. *Site kèk dwa moun.* (Edikasyon, libète, pwoteksyon devan lalwa, travay, elatriye.)

   d. *Kouman yon sosyete kapab pèmèt yon moun viv ak diyite epi ak respè?* (Se yon sivilizasyon ki respekte dwa moun. *NB: Deklarasyon Inivèsèl Dwa Moun nan kapab ba nou plis detay sou sa.)*

5) Bay pou chak elèv yon kopi Deklarasyon Inivèsèl Dwa Moun.

6) Fè yon elèv fè lekti premyè 2 atik nan Deklarasyon an.

7) Mande elèv yo pou li Deklarasyon an epi ekri yon paragraf ki prezante : tout dwa ki site nan Deklarasyon an. Mande yo remèt li kòm travay nan 2 semenn.

8) Rezime: "*Nan tan lontan, dwa moun te konn baze sou kèk privilèj. Avèk Deklarasyon Inivèsèl Dwa Moun, yo rekonèt chak grenn moun kèlkeswa ras li, orijin li, sa li posede... genyen yon ansanm dwa paske se yon moun li ye. Se dwa fondamantal yo ye, depi yon moun fèt, li dwe genyen dwa sa yo.*"

Enfòmasyon pou elèv yo kenbe nan tèt yo apre sesyon an :

Nasyonzini pwoklame Deklarasyon Inivèsèl Dwa Moun. Dwa sa yo, tout moun dwe konnen yo e tout moun dwe kapab jwi yo. Pa genyen anyen ki dwe anpeche yon moun jwi dwa sa yo. Se pa diferans ki genyen ant moun, ras, koulè po, fanm oswa gason, relijyon, opinyon politik oubyen lòt opinyon yon moun genyen, lang yon moun pale, peyi yon moun soti, kondisyon yon moun te fèt, klas sosyal yon moun, richès yon moun ki ap detèmine kilès ki pou jwi dwa sa yo. Dwa sa yo se pou tout moun san distenksyon.

Evalyasyon elèv:

Pwofesè a kapab deside kijan l ap fè evalyasyon elèv yo tankou, kòm devwa nan kay, nan tès nan fen chapit la, oubyen nan estil oral nan fen kou a, elatriye.

- Nan yon paragraf, rezime tèks Deklarasyon Inivèsèl Dwa Moun nan.

Deklarasyon Inivèsèl Dwa Moun

FOTOKOPI

Nasyonzini, tire nan sit web: http://www.ohchr.org/EN/UDHR/Pages/Language.aspx?LangID=hat

Entwodiksyon

Lè nou konsidere diyite ki andedan tout moun sou tè a ak dwa yo genyen ki egal ego, pèsonn moun pa kab pran nan men yo, se baz libète, lajistis ak lapè sou tout tè a san manke tikras,

Lè nou konsidere inyorans epi pase dwa moun anba pye te lakòz anpil move zak ki revòlte konsyans tout moun tout kote sou latè, yon nouvo tè kote tout moun va pale lib, kote yo va kwè sa yo vle, kote yo va soti anba laperèz ak lamizè se pi gwo espwa tout moun sou tè a,

Lè nou konsidere sa enpòtan pou gen yon Leta ki chita sou lalwa, pou evite sitwayen yo sèvi ak revòlt pou yo konbat kraze zo ak represyon,

Lè nou konsidere sa enpòtan pou ankouraje tout nasyon devlope relasyon zanmitay youn ak lòt,

Lè nou konsidere prensip fondamantal manman lwa Nasyonzini, kote yon lòt fwa ankò pèp Nasyonzini yo montre jan yo kwè nan dwa fondamantal tout moun, nan diyite ak valè chak moun, nan dwa egal ego gason ak fanm. Pèp sa yo deklare yo deside travay pou sosyete a fè pwogrè, epi pou yo mete bon kondisyon sou pye pou lavi miyò tabli, pou gen plis libète,

Lè nou konsidere peyi ki manm Nasyonzini yo te pran angajman pou yo travay men nan men avèk Òganizasyon Nasyonzini pou fè respekte dwa moun ak libète fondamantal yo tout bon vre, tout kote sou latè,

Lè nou konsidere sa enpòtan anpil pou tout peyi sou latè konprann dwa sa yo ak libète sa yo menm jan, pou yo kab respekte angajman sa a byen.

Asanble Jeneral Nasyonzini:

Pwoklame Deklarasyon Inivèsèl Dwa Moun sa a, kòm pi gwo rèv tout pèp ak tout nasyon sou latè dwe chèche reyalize. Pou tout moun ak tout enstitisyon ki anndan sosyete a kenbe Deklarasyon sa a nan tèt yo toutan, pou yo travay ak ansèyman ansanm ak edikasyon pou fè respekte dwa ak libète moun nan pran bon jan dispozisyon nasyonal ak entènasyonal firamezi, pou yo rekonèt dispozisyon sa yo tout kote sou latè epi pou yo sèvi ak yo, nan mitan popilasyon peyi ki manm Nasyonzini yo, ak nan teritwa ki sou kont yo.

Atik 1

Tout moun fèt lib, e yo egal ego nan diyite ak nan dwa. Yo gen kapasite pou yo reflechi, pou yo pran konsyans, epitou yo dwe viv youn ak lòt tankou frè ak sè.

FOTOKOPI

Atik 2

1. Chak moun sou tè a kab jwi dwa ak libète Deklarasyon inivèsèl dwa moun nan ba li, san okenn diferans, tankou diferans ras, koulè po, diferans fanm ak gason, diferans lang, relijyon, opinyon politik oubyen tout lòt opinyon, tankou peyi li soti oubyen klas sosyal li, richès li, kondisyon paran li te fè li oubyen tout lòt sitiyasyon ki sanble ak sa.

2. Anplis, yo pa dwe mete diferans ki chita sou sitiyasyon politik peyi li, oubyen sou sitiyasyon peyi a nan domèn lalwa oubyen ankò sou sitiyasyon entènasyonal peyi li oubyen sou teritwa li soti, menm lè peyi sa a oubyen teritwa sa a granmoun tèt li oubyen li sou kont yon lòt peyi, lè li pa kab pran desizyon pou tèt pa li, oubyen kèk regleman limite pouvwa nasyon an genyen pou li deside sa l vle.

Atik 3

Tout moun gen dwa pou yo viv , pou yo gen libète, pou yo jwenn pwoteksyon.

Atik 4

Yo pa gen dwa mete pèsonn moun nan esklavaj oubyen fòse l fè yon travay ak vyolans; lalwa entèdi esklavaj ak afè vann moun nan, nenpòt jan sa ta fèt.

Atik 5

Yo pa gen dwa kraze zo pèsonn moun, ni ba li pinisyon ak move tretman san pitye, ki mete l nan kondisyon bèt, oubyen ki avili li.

Atik 6

Chak moun gen dwa pou yo rekonèt li tankou moun devan lalwa tout kote sou latè.

Atik 7

Tout moun egal ego devan lalwa epitou lalwa dwe pwoteje yo tout san paspouki. Tout moun fèt pou yo jwenn menm kalite pwoteksyon kont diskriminasyon ki pa respekte sa ki nan deklarasyon sa a, ak tout lòt konpòtman ki kab lakòz gen diskriminasyon.

Atik 8

Tout moun gen dwa jwenn bon jan konkou nan tribinal konpetan kote l ap viv la kont zak ki vyole dwa fondamantal li, dwa konstitisyon an oubyen lalwa rekonèt.

Atik 9

Yo pa gen dwa pou yo arete pèsonn moun oubyen pou yo mete li nan prizon oubyen pou yo egzile li yon fason gwo ponyèt.

Atik 10

Tout moun gen dwa egal ego pou yon tribinal tande kòz li an piblik yon fason klè, san paspouki, nan chèche konnen dwa moun nan ak devwa li genyen osnon nan chèche konnen si akizasyon yo fè kont li pou yon fot se yon akizasyon ki jis.

FOTOKOPI

Atik 11

1) Tout moun yo akize pou yon move zak sipoze inosan jiskaske lajistis tande l nan yon pwosè piblik epi yo rekonèt li koupab toutbon, kote lalwa te ba li tout garanti ki nesesè pou li defann tèt li.

2) Yo pa kab kondane yon moun pou yon zak osnon yon obligasyon li pa respekte, si lè li te fè zak la pa t gen lwa nasyonal oubyen lwa entènasyonal ki te di moun sa a aji byen osnon mal. Menm jan an tou, yo pa kapab ba li okenn pinisyon ki pi di pase pinisyon lalwa te egzije pou yo ba li nan moman li te komèt zak la.

Atik 12

Pèsonn moun pa gen dwa fouye nan lavi prive okenn lòt moun jan yo vle, nan afè fanmi l, ni nan sa ki ap pase anndan lakay li, ni fè bagay ki kab fè li pèdi onè li ak repitasyon li. Lalwa dwe pwoteje tout moun kont zak sa yo.

Atik 13

1) Tout moun gen dwa sikile lib epi li kab chwazi nenpòt kote nan yon peyi pou li abite.

2) Tout moun gen dwa kite nenpòt ki peyi, menm si se pwòp peyi pa li, epitou li kab retounen lè li vle.

Atik 14

1) Lè yon moun anba pèsekisyon, li gen dwa al chèche pwoteksyon epi li dwe jwenn pwoteksyon nan lòt peyi.

2) Yon moun pa kab sèvi ak dwa sa a lè lapolis ap chèche li pou yon krim lalwa kondane oubyen pou kèk move ajisman ki diferan ak prensip Nasyonzini ansanm ak kote l vle rive.

Atik15

1) Tout moun gen dwa gen nasyonalite.

2) Yo pa gen dwe retire nasyonalite pèsonn moun yon fason gwo ponyèt, ni tou yo pa gen dwa retire dwa li genyen pou li chanje nasyonalite li.

Atik 16

1) Lè yon fanm oubyen yon gason majè, yo gen dwa pou yo marye, pou yo fòme fanmi yo, san okenn kondisyon ki chita sou koulè po, sou nasyonalite, oubyen sou relijyon. Yo gen dwa egal ego nan kesyon maryaj, pandan maryaj la epi lè maryaj la kraze.

2) De moun kab marye sèlman lè yo toulede bay konsantman yo pou sa fèt.

3) Fanmi se eleman natirèl ki fòme baz sosyete a, li gen dwa jwenn pwoteksyon sosyete a ak pwoteksyon Leta.

FOTOKOPI

Atik 17

1) Tout moun gen dwa gen byen pou kont li oubyen ansanm avèk lòt moun.

2) Yo pa gen dwa pran byen yon moun yon fason gwo ponyèt.

Atik 18

Tout moun gen dwa pou li panse lib, pou li gen pwòp konviksyon li, pou li ale nan relijyon lide li di li. Li gen dwa chanje relijyon l tou oubyen konviksyon l, menm jan an tou, li gen dwa pou li montre kwayans li lib nan fè seremoni, oubyen lòt kalite sèvis, swa pou kont li swa ansanm ak lòt moun, an piblik oubyen anndan lakay li.

Atik 19

Tout moun gen dwa pou li panse, pou li pale jan li vle, sa vle di yo pa gen dwa ba li pwoblèm pou jan li panse, pou opinyon li. Li gen dwa pou li chèche enfòmasyon alawonnbadè, pou li resevwa enfòmasyon epi pou li gaye yo ansanm ak tout lòt kalite lide tou.

Atik 20

1) Tout moun lib pou li patisipe nan reyinyon epi pou li fè asosiyasyon nan lapè.

2) Yo pa kab fòse pèsonn moun pou li vin manm yon asosiyasyon.

Atik 21

1) Tout moun gen dwa patisipe nan direksyon afè piblik peyi li, li kab patisipe limenm oubyen li kab patisipe lè li chwazi reprezantan li yo lib.

2) Tout moun gen menm dwa pou li okipe yon fonksyon piblik nan peyi li.

3) Volonte yon pèp se baz otorite pouvwa piblik la; volonte sa a dwe parèt klè nan eleksyon onèt ki dwe fèt yon fason regilye, kote tout moun ap patisipe egal ego, ak vòt an sekrè osnon ak yon metòd ki sanble l, kote moun sèten vòt la ap fèt lib.

Atik 22

Tout moun gen dwa gen sekirite sosyal, paske li se manm sosyete a; yo kreye èd sa a pou ede l jwi dwa ekonomik li, dwa sosyal li ak dwa kiltirèl li; dwa sa yo nesesè anpil pou li jwenn diyite l, pou l develope pèsonalite l, gras a jefò nasyonal ak koperasyon entènasyonal dapre òganizasyon ak richès chak peyi.

Atik 23

1) Tout moun gen dwa pou li travay, li gen dwa fè pwòp chwa travay li lib, nan kondisyon ki bon, ki jis, epitou li dwe jwenn pwoteksyon kont chomaj.

2) Yo dwe peye tout moun menm lajan pou yon travay ki menm, san paspouki.

FOTOKOPI

3) Tout moun ki ap travay dwe touche lajan ki jis, ki ap ede limenm ak fanmi li viv nan diyite tankou moun, epi si sa nesesè yo dwe ba li lòt kalite pwoteksyon sosyal.

4) Tout moun gen dwa fòme sendika ansanm avèk lòt moun epi li gen dwa rantre nan sendika pou defann enterè li.

Atik 24

Tout moun gen dwa gen repo nan travay li epi li gen dwa detann li, dwe gen yon limit nan lè pou travay la dire ki rezonab, li gen dwa jwenn konje lè sa nesesè.

Atik 25

1) Tout moun gen dwa jwenn yon nivo lavi dekwa pou li rete an sante, pou li viv alèz ansanm ak fanmi li, prensipalman nan kesyon manje, rad, kay, swen doktè ak lòt sèvis sosyal nesesè. Tout moun gen dwa jwenn sekirite lè gen chomaj, maladi, paralizi, lè mari osnon madanm mouri, nan vyeyès osnon nan tout lòt kalite sikonstans kote yon moun ta pèdi mwayen li genyen pou li viv, kote se pa te volonte li pou sa te rive.

2) Lè fanm fè pitit ak lè timoun piti, yo gen dwa pou yo jwenn swen ak èd espesyal.Tout timoun, kit yo fèt nan maryaj osnon kit se timoun deyò, dwe gen pwoteksyon sosyal egal ego.

Atik 26

1) Tout moun gen dwa pou yo jwenn edikasyon. Edikasyon dwe fèt gratis, omwen pou ansèyman elemantè ak fondamantal. Ansèyman elemantè a obligatwa. Ansèyman teknik ak pwofesyonèl dwe la pou toutmoun, etid inivèsitè dwe ouvè pou tout moun egal ego, dapre fason moun nan merite sa.

2) Edikasyon dwe chèche fè pèsonalite moun devlope plis epi li dwe chèche fè gen plis respè dwa moun ak libète fondamantal yo. Li dwe ankouraje konpreyansyon, tolerans ak zanmitay ant nasyon yo, gwoup ras moun osnon gwoup relijyon epi li dwe ankouraje devlopman aktivite Nasyonzini pou kenbe lapè.

3) Paran yo gen dwa pou yo chwazi ki kalite edikasyon pou yo bay pitit yo anvan tout lòt moun.

Atik 27

1) Tout moun gen dwa patisipe lib nan aktivite kiltirèl kominote a, li gen dwa pou l pwofite nan vi atistik epi pou l patisipe nan pwogrè lasyans ak avantaj ki soti nan pwogrè sa a.

2) Tout moun gen dwa jwenn pwoteksyon enterè li genyen pou sa li te pwodui nan domèn lasyans, literati ak domèn atistik kont lòt moun ki ta vle sèvi ak yo gratis.

Atik 28

Tout moun gen dwa pou li jwenn yon lòd, sou plan sosyal ak sou plan entènasyonal kote y ap aplike dwa ak libète ki ekri nan Deklarasyon sa a toutbon.

FOTOKOPI

Atik 29

1) Chak moun gen devwa nan kominote li, ki se sèl kote li kab devlope pèsonalite li lib toutbon vre.

2) Lè yon moun ap sèvi ak dwa li epi lè li ap pwofite libète li, li dwe soumèt li sèlman anba limit lalwa tabli, pou yo kab rekonèt sèten dwa ak libète lòt moun epi pou yo respekte dwa sa yo, epitou pou yo kab satisfè egzijans regleman sosyete a, lòd piblik, ak santiman pou tout moun viv alèz nan yon sosyete demokratik.

3) Nan okenn sikonstans, yo pa kab sèvi ak dwa sa yo ansanm ak libète sa yo lòt jan ki depaman ak rezilta prensip Nasyonzini ap chèche.

Atik 30

Yo pa kab konsidere okenn dispozisyon ki nan Deklarasyon sa a kòm yon dwa kèlkonk yon leta osnon yon gwoupman oubyen yon moun genyen pou li tanmen aktivite osnon pou li komèt zak ki ap chèche detwi dwa ak libète ki ekri nan deklarasyon an.

Tèm: Definisyon ak Tip Vyolans sou fanm ak tifi

Kisa vyolans sou fanm ak tifi ye?[2] (30 minit)

Objektif:

- Fè elèv yo konprann sa ki vyolans sou fanm ak tifi.
- Fè elèv yo konnen 4 tip vyolans sou fanm ak tifi ki egziste.

Preparasyon pwofesè a bezwen fè:

- Ekri definisyon ki pi ba a sou tablo a:

  "Vyolans sou fanm se tout menas oubyen tout zak (fizik, emosyonèl, seksyèl, ekonomik), ki fèt sou fi, epi ki fè mal, e ki ka menm koze lanmò, ki la pou kenbe fanm ak tifi anba pouvwa avèk kontwòl lòt moun"

- Kole yon fèy papye blan sou mi an.
- Prepare 4 fèy, ekri youn nan chak 4 tip vyolans yo ki pi ba a sou chak , epi sere yo sou kote.
  - vyolans fizik
  - vyolans emosyonèl
  - vyolans seksyèl
  - vyolans ekonomik

NB : Si gen posibilite, l ap pi bon pou ou ale kote yon òganizasyon fanm oubyen jwenn yon bwochi sou vyolans sou fanm pou ou bay elèv yo anvan leson an. Sinon, ou kapab kontakte Repanse Pouvwa (509) 3617 1815 annanpechevyolans@gmail.com pou mande ki bwochi yo ta rekòmande.

Pwopozisyon fason pou ou soti nan liv la pou ou antre nan tèm nan:

Esplike : "*Esklav yo te sibi anpil vyolans nan men moun ki te genyen pouvwa sou yo. Kounye a n ap pale sou ki lyen ki genyen ant sitiyasyon esklav yo lontan ak sitiyasyon fanm jodi a.*"

Egzèsis:

1) Esplike: "Chapit nou sòt wè a pale de lesklavaj, se yon egzanp ekstrèm nan listwa kote kèk moun gen pouvwa sou tèt lòt moun, epi yo fè vyolans sou yo. Vyolans souvan fèt kont moun ki pa gen pouvwa. Nan sosyete pa nou, menm jan ak sosyete kote ki te genyen esklavaj, gen moun ki sibi plis vyolans pase lòt. An nou gade vyolans sou fanm ak tifi, ki pa souvan pale nan liv istwa, men ki te pase nan tan lontan e ki kontinye repete jounen jodi a."

2) Plase papye ki genyen definisyon vyolans sou fanm nan an fas elèv yo epi mande yon elèv pou li li definisyon an.

3) Mande: "Ki mo ki frape nou nan definisyon vyolans sou fanm?"

4) Ekri tout repons yo sou tablo a.

5) Esplike: "Genyen plizyè fòm vyolans sou fanm. Yo klase yo an 4 tip: vyolans fizik, vyolans emosyonèl, vyolans seksyèl, vyolans ekonomik."

6) Kole 4 fèy ki te deja prepare yo sou mi an, pa mete yo twò pre youn ak lòt.

7) Esplike: "Chak gwoup ap travay sou tip vyolans .ki make sou fèy yo a. N ap genyen 5 minit pou nou vini ak kantite egzanp nou kapab jwenn sou tip vyolans sa yo."

8) Mande elèv yo pou yo chwazi youn nan fèy ki genyen yon tip vyolans sou fanm sou li, epi pou y al kanpe devan fèy sa a.

9) Fè yo ekilibre kantite moun ki devan chak fèy, konsa y ap fòme 4 gwoup ki genyen apeprè menm kantite moun ladan yo.

10) Asire w tout elèv byen konprann, epi mande elèv yo pou yo koumanse. Avèti elèv yo lè se sèlman yon minit ki rete.

11) Kanpe egzèsis la apre 5 minit. Mande elèv yo pou yo tounen nan gran gwoup la.

12) Mande chak gwoup vin prezante travay li. Apre chak gwoup fin prezante, mande:

    a. *Ki lòt egzanp ou ka mete anba tip vyolans sa a?*

b. Èske gen moun ki gen kesyon, oswa kichòy pou yo pataje sou tip vyolans sa a?

13) Remèsye tout elèv yo, epi distribiye nenpòt enfòmasyon ekri an plis ou jwenn sou vyolans sou fanm.

Enfòmasyon pou elèv yo kenbe nan tèt yo apre sesyon an :

- *"Vyolans sou fanm se tout menas oubyen tout zak (fizik, emosyonèl, seksyèl, ekonomik), ki fèt sou fi, epi ki fè mal, e ki ka menm koze lanmò, ki la pou kenbe fanm ak tifi anba pouvwa avèk kontwòl lòt moun"*

- Gen 4 tip vyolans sou fanm ak tifi : fizik, emosyonèl, seksyèl ak ekonomik.

Evalyasyon elèv:

Pwofesè a kapab deside kijan l ap fè evalyasyon elèv yo tankou, kòm devwa nan kay, nan tès nan fen chapit la, oubyen nan estil oral nan fen kou a, elatriye.

- Site 4 tip vyolans sou fanm yo e bay 3 egzanp vyolans ki koresponn ak chak tip.



Tèm: Lyen ant pouvwa ak vyolans sou fanm ak tifi

Rapò ki genyen ant vyolans sou fanm ak tifi avèk pouvwa epi kontwòl (30 minit)

Objektif:

- Montre rapò vyolans sou fanm ak tifi genyen ak pouvwa epi kontwòl.

Preparasyon pwofesè a bezwen fè:

- Ekri definisyon ki pi ba a sou tablo a:

  "Vyolans sou fanm se tout menas oubyen tout zak (fizik, emosyonèl, seksyèl, ekonomik), ki fèt sou fi, epi ki fè mal, e ki ka menm koze lanmò. Vyolans sou fanm la pou kenbe fanm ak tifi anba pouvwa avèk kontwòl lòt moun."[3]

Pwopozisyon fason pou ou soti nan liv la pou ou antre nan tèm nan:

Sesyon sa a ap swiv lòt sesyon "Kisa vyolans sou fanm ak tifi ye?," touswit.

Egzèsis:

1) Esplike: "*Fwa pase a, nou te defini 4 tip vyolans yo epi n te pale sou yo. Jodi a nou pral pale sou rapò ki genyen ant vyolans sou fanm ak tifi avèk pouvwa epi ak kontwòl. Kou sa a, se pou nou wè ak konprann pi byen rapò oubyen lyen ki genyen ant vyolans avèk pouvwa, kontwòl.*"

2) Tounen nan definisyon vyolans sou fanm. Li epi souliye dènye pati a: "*Vyolans sou fanm la pou kenbe fanm ak tifi anba pouvwa avèk kontwòl lòt moun.*"

3) Mande elèv yo pou yo chak vire pale ak yon lòt elèv sou sans fraz sa a: "kenbe fanm ak tifi anba pouvwa avèk kontwòl lòt moun". Bay elèv yo 3 minit pou yo fè sa.

4) Apre 3 minit la fin pase, fasilite yon dyalòg an gwoup sou "ki la pou kenbe fanm ak tifi anba pouvwa avèk kontwòl lòt moun" epi poze kesyon pi ba sou li.

5) Mande: "*Poukisa w panse vyolans sou fanm gen rapò ak pouvwa epi ak kontwòl?*"

6) Men kèk repons ou ka jwenn: Paske nan sosyete a, nou atann nou pou gason montre yo gen kontwòl sou madanm yo, oswa sou pitit fi yo; Nan kominote a, anpil moun konsidere sa nòmal pou gason kontwole fanm. Yo kwè si fanm pa anba kontwòl, yo p ap kapab jere tèt yo.

7) Mande: "*Èske genyen sitiyasyon kote vyolans sou fanm pa yon abi pou kontwole fanm ak tifi?*"

8) Mande: "*Èske ou kwè nan deklarasyon sa a: 'Tout vyolans se abi'?*"

9) Esplike: "*Yo sèvi ak vyolans pou kenbe yon moun nan laperèz dekwa pou mete kontwòl sou moun sa a.*"

10) Rezime sijè a konsa:

- *"Menm lè gason sibi zak vyolans ki fèt sou yo, men an jeneral, vyolans sa yo se pa yon mwayen pou kontwole gason, jan sa fèt pou kontwole fanm."*
- *"Pa egzanp, si yon gason sibi yon vyolans nan men moun k ap viv avè l la, nan pifò ka, se yon bagay ki pase yon fwa konsa, men ki pa konn repete toutan."*
- *"Nan ka sa a vyolans lan, oswa menas vyolans lan, pa sèvi kòm yon mwayen pou kraponnen gason an, yon jan pou mete kontwòl sou li."*
- *"Antanke gwoup, gason pa pè fanm. Antanke gwoup, fanm pa fè vyolans sou gason. Men pifò fanm ap viv nan laperèz paske gason (swa moun k ap viv avè yo, swa etranje) kapab fè vyolans sou yo."*
- *"Fanm genyen laperèz sa a paske, non sèlman sosyete a asepte pouvwa gason genyen sou fanm, men tou, sosyete a asepte vyolans gason ap fè tou kòm bagay nòmal."*
- *"Nan pifò ka, gason gen plis fòs fizik pase fanm. Kidonk vyolans, oubyen menas fanm kapab fè sou gason pa gen menm fòs ak sa gason ka fè sou fanm. Pi souvan, lè gason sibi vyolans nan men konpay li, se defann fi a ap defann tèt li kont vyolans gason an t ap fè sou li."*

11) Opsyon: Rezime siplemantè: "*Nan peyi Ejip, nan tan Pharaon yo, pifò moun te sibi vyolans, sitou fanm ak tifi. Moun yo te sibi plis vyolans akoz kalite pouvwa ak mòd kontwòl Wa yo te egzèse sou moun. Men fanm te toujou sibi plis vyolans akoz gason te kapab egzèse pouvwa ak kontwòl sou fanm.*"

Enfòmasyon pou elèv yo kenbe nan tèt yo apre sesyon an :

Yo sèvi ak vyolans sou fanm ak tifi pou kenbe fanm ak tifi nan laperèz dekwa pou mete kontwòl sou yo.

Evalyasyon elèv:

Pwofesè a kapab deside kijan l ap fè evalyasyon elèv yo tankou, kòm devwa nan kay, nan tès nan fen chapit la, oubyen nan estil oral nan fen kou a, elatriye.

- Ki rapò vyolans sou fanm ak tifi genyen avèk pouvwa, avèk kontwòl?
- Ki rapò ki genyen ant vyolans yo te fè sou esklav nan sivilizasyon ejipsyèn nan ak vyolans k ap fèt sou fanm ak tifi nan sivilizasyon jounen jodia?



Tèm: Vyolans sou fanm ak tifi (Konsekans vyolans sou fanm ak tifi)

Kisa ki pase lè gen vyolans?[2] (45 minit)

Objektif:

- Idantifye e egzamine konsekans vyolans sou fanm ak tifi, epi avantaj ki genyen lè pa gen vyolans.

Preparasyon pwofesè a bezwen fè:

- Kole senk gwo fèy papye sou mi an, chak fèy ap gen youn nan tit sa yo:

  Fanm yo Gason yo Timoun yo Fanmi an Kominote a

Pwopozisyon fason pou ou soti nan liv la pou ou antre nan tèm nan:

- Esplike: "*Lè nou etidye lòt sosyete, li fasil pou nou wè fòs ak feblès yo genyen parapò ak fason yo trete fanm ak nivo vyolans sou fanm ak tifi nan sosyete sa yo. Li bon tou pou nou analize konsekans vyolans sou fanm ak tifi genyen nan yon sosyete. An nou gade konsekans vyolans sou fanm ak tifi nan sosyete pa nou an.*"

Egzèsis:

1) Poze elèv yo kesyon sa yo epi brase lide sou chak:

   a. *Dapre sa nou te aprann nan koumansman ane sa a, kisa ki vyolans sou fanm ak tifi?*

   b. *Kisa nou sonje lòt pèp te konn fè ke nou ka klase kòm vyolans sou fanm ak tifi?* (Egzanp: maryaj Arawak kote yon fanm te antere vivan ak mari li lè mari li te mouri, paj 75).

   c. *Dapre nou menm, èske sosyete pa nou an genyen egzanp nou ka klase kòm vyolans sou fanm ak tifi? (San nou pa site non moun.)*

2) Esplike:

   a. *"Jodi a, nou pral pale sou konsekans ki genyen lè gen vyolans sou fanm ak tifi nan yon sosyete."*

   b. *"Nan egzèsis sa a, nou pral chèche dekouvri konsekans vyolans sou fanm genyen sou tout moun. N ap gade konsekans yo: sou tout fanm, sitou fanm k ap sibi vyolans, sou gason yo, sou timoun yo, sou fanmi an epi sou tout kominote a an jeneral."*

3) Esplike: *"Tanpri pran 5 minit pou brase lide ak yon lòt elèv nan gwoup ou a sou konsekans vyolans sou fanm genyen sou chak gwoup sa yo."*

4) Avèti elèv yo lè se yon minit ki rete sèlman.

5) Kanpe egzèsis la apre 5 minit pase.

6) Mande elèv yo: "*Dapre deba nou fè, mande yon moun soti nan gwoup ou a, mache ale devan chak fèy papye ki kole sou mi an, epi rezime sa nou te pale a, ak kèk mo oswa kèk ti pawòl brèf, pou nou dekri konsekans vyolans sou fanm genyen pou chak gwoup sa yo. Si ou deja wè lide w la reprezante sou tablo a, pa ekri l ankò, annik mete yon ti + apre l."*

7) Gade chak lis konsekans ak elèv yo (tankou Fanm ak tifi, elatriye) epi ajoute egzanp ki merite ajoute.

NB pou pwofesè:

- *Konsekans pou fanm yo kapab: dezespwa, estrès, blesi, enfeksyon VIH/ SIDA, yo vin izole, elatriye.*
- *Konsekans pou gason yo kapab: tristès, yo pa gen bon rapò ak pitit yo, kè yo pa kontan, yo ka pran prizon, pa jwenn afeksyon, sante yo pa anfòm, elatriye.*
- *Konsekans pou timoun yo kapab: depresyon, yo pa travay byen lekòl, yo pè, yo pa fye okenn granmoun, elatriye.*
- *Konsekans pou fanmi an kapab: depans ki oblije fèt lopital, oswa nan doktè pou pran swen blese, mank amoni ak kontantman, tansyon nan mitan fanmi an, fanmi an vin divize, elatriye.*
- *Konsekans pou kominote a kapab: mank devlopman, mank lapè, vin gen plis timoun nan lari, twòp chay sou do sèvis sosyal ak sèvis piblik yo (tankou lapolis, pwofesyonèl sante, lidè kominotè), elatriye.*

8) Mande 5 elèv kanpe devan klas la, epi bay chak youn nan fèy papye (Fanm yo/ Gason yo/ Timoun yo/ Fanmi an/ Kominote a), epi fè yo vire fèy la epi gade l.

9) Mande elèv ki kanpe yo: "*Si nou di sa se konsekans pou chak nan gwoup sa yo lè gen vyolans sou fanm ak tifi, ki avantaj ki ta genyen pou gwoup pa w la si vyolans sou fanm ta fini nèt nan sosyete pa nou an?*"

10) Fè chak elèv ki kanpe devan klas la gade youn nan fèy yo epi prezante avantaj ki ka genyen pou gwoup moun ki make sou fèy pa li. Li ta sipoze plizoumwen lekontrè ak konsekans yo. Pa egzanp, si pou Timoun yo nou di konsekans se: timoun yo pa ka travay byen lekòl, kounye a avantaj la se yo travay byen lekòl epi yo pran bon nòt. Si elèv ki kanpe yo gen difikilte, fè lòt elèv yo ede yo pou lide yo ka soti.

11) Rezime sesyon an konsa:

- "*Nan kèlkanswa sivilizasyon, li enpòtan pou nou gade kijan moun aji ak pouvwa, epi kijan yo aji ak fanm, tifi, pou nou pi byen konprann sivilasyon an.*"
- "*Vyolans sou fanm ak tifi genyen anpil konsekans negatif sou fanm ak tifi, sou gason, sou timoun, sou fanmi, epi sou kominote a. Menm jan, genyen anpil avantaj lè pa gen vyolans sou fanm ak tifi.*"

12) Remèsye elèv yo pou patisipasyon yo.

Enfòmasyon pou elèv yo kenbe nan tèt yo apre sesyon an :

Dezekilib pouvwa ant fanm ak gason anjandre vyolans sou fanm ak tifi. Vyolans sou fanm ak tifi genyen konsekans grav sou timoun, sou fanmi, sou kominote. E sa ralanti devlopman ekonomik ak sosyal yon peyi.

Lè pa gen vyolans nan yon fanmi, tout moun viv an amoni ak plis kè kontan. Timoun yo pi epanouyi, yo aprann pi byen lekòl e fanmi an fè plis pwogrè.

Evalyasyon elèv:

Pwofesè a kapab deside kijan l ap fè evalyasyon elèv yo tankou, kòm devwa nan kay, nan tès nan fen chapit la, oubyen nan estil oral nan fen kou a, elatriye.

- Lè gen vyolans sou fanm ak tifi nan yon sosyste, ki move konsekans ki genyen?
- Ki avantaj ki ta genyen pou tout moun si vyolans sou fanm ak tifi te fini?

8 SESYON POU YÈM ANE FONDAMANTAL SYANS SOSYAL

Dokiman syans sosyal sa a pran an kont kourikoulòm syans sosyal Ministè Edikasyon Nasyonal ak Fòmasyon Pwofesyonèl (MENFP)[4]. Tèm yo swiv objektif jeneral kourikoulòm nan ki se: "Konprann dinamik evolisyon sosyete imèn yo" (p. 36).

Dokiman sa a ap pèmèt nou rapousib refleksyon sou pouvwa avèk elèv nou yo, pou yo kapab gade tèt yo ak konpòtman yo pi byen. Li ap pèmèt yo dekouvri rasin vyolans nan koup tou ak diferans yo kapab fè lè yo konnen tout move konsekans vyolans genyen. Konsa, se toujou yon dinamik ki pral pèmèt elèv yo devlope lespri kritik yo, pran pozisyon kont vyolans epi apresye respè pou dwa moun.

Tablo pi ba a prezante tèm ki trete yo, dokiman referans, aktivite ak dire yo.

Tèm	Sesyon, lè ak paj	Referans nan kourikoulòm /liv
Pouvwa	Rezime sou pouvwa (45 minit) paj 31	Kourikoulòm leta: Du 5ème siècle à la veille de la colonisation : quelques sociétés humaines (même approche d'étude des sociétés), paj 35. Liv: *Le monde et son passé.* Zamor Rémy ak Auguste Geneviève D. 8ème A. F. Chapitre 1 : Introduction à l'histoire de la colonisation, nan fen chapit la, paj 8.
Pouvwa	Eksperyans nou ak pouvwa (45 minit) paj 34	Kourikoulòm leta: Les sociétés américaines, paj 36. Liv: *Le monde et son passé.* Zamor Rémy ak Auguste Geneviève D. 8ème A. F. Chapitre 1 : Introduction à l'histoire de la colonisation, nan fen chapit la, paj 8, apre sesyon Rezime sou Pouvwa.
Vyolans nan Koup/ Vyolans konjigal	Vyolans nan koup (45 minit) paj 37	Kourikoulòm leta: Spécificité des formes d'organisation humaine, p. 36. Liv: *Le monde et son passé.* Zamor Rémy ak Auguste Geneviève D. 8ème A. F. Chapitre 5: Les sociétés féodales du Moyen Âge en Europe, paj 36, nan fen chapit la.
Vyolans seksyèl	Kò mwen se pou mwen/ Konsantman (45 minit) paj 41	Kourikoulòm leta: Le Moyen Âge en Europe : les sociétés féodales, p. 36. Liv: *Le monde et son passé.* Zamor Rémy ak Auguste Geneviève D. 8ème A. F. Chapitre 5: Les sociétés féodales du Moyen Âge en Europe, paj 36, nan fen chapit la.

Tèm	Sesyon, lè ak paj	Referans nan kourikoulòm /liv
Makonnay ant vyolans sou fanm ak tifi epi VIH/SIDA	Danje pou fanm nan sosyete a, pati 1 (45 minit) paj 46	Kourikoulòm leta: : Mouvement d'exploration et de conquête de l'Amérique et de l'Afrique, p. 38. Liv: *Le monde et son passé*. Zamor Rémy ak Auguste Geneviève D. 8ème A. F. Chapitre 8: La colonisation française d'Haïti, paj 56.
Makonnay ant vyolans sou fanm ak tifi epi VIH/SIDA	Danje pou fanm nan sosyete a, pati 2 (45 minit) paj 49	Kourikoulòm leta: : De la colonisation à la fin du 18ème siècle, p. 38. Liv: *Le monde et son passé*. Zamor Rémy ak Auguste Geneviève D. 8ème A. F. Chapitre 8: La colonisation française d'Haïti, paj 56, touswit apre Danje pou fanm nan sosyete a, pati 1.
Kòz fondamantal vyolans sou fanm ak tifi	Nouvo Planèt (45 minit) paj 53	Kourikoulòm leta: Les sociétés américaines pendant la colonisation : dynamique de l'organisation du système colonial esclavagiste, p. 39. Liv: *Le monde et son passé*. Zamor Rémy ak Auguste Geneviève D. 8ème A. F. Chapitre 9: La colonisation anglaise de l'Amérique du Nord, nan fen chapit 9, apre tout chapit sou kolonizasyon, paj 65.
Kòz fondamantal vyolans sou fanm ak tifi	Kòz fondamantal (45 minit) paj 59	Kourikoulòm leta: Colonisation anglaise de l'Amérique du Nord (choc des civilisations amérindienne et anglo-saxonne et la relative autonomie des colonies anglaises), paj 39. Liv: *Le monde et son passé*. Zamor Rémy ak Auguste Geneviève D. 7ème A. F. Chapitre 12: Civilisations précolombiennes d'Haiti, paj 78, nan fen chapit la.

Tèm: Pouvwa

Rezime sou pouvwa[2] (45 minit)

Objektif:

- Fè yon rezime sou sans "pouvwa".
- Konprann dinamik pouvwa nan sosyete pandan 5yèm syèk epi fè konparezon avèk jan sa ye nan sosyete jounen jodi a.

Preparasyon pwofesè a bezwen fè:

- Kole yon fèy vyèj sou mi an.

Pwopozisyon fason pou ou soti nan liv la pou ou antre nan tèm nan:

Esplike : *"Ane sa a, n ap aprann anpil bagay sou kolonizasyon nan istwa mond la. N ap kontinye reflechi sou kijan yon moun, yon gouvènman, oubyen yon pèp kapab sèvi ak pouvwa li sou lòt. Jodi a, nou pral esplike jan nou chak genyen pouvwa, epi nou genyen chwa sou fason pou nou sèvi avèk pouvwa nou."*

Egzèsis:

1) Ekri mo "pouvwa" nan mitan gwo kare papye ou te prepare a.
2) Raple elèv yo anpil nan yo te patisipe nan yon aktivite sou pouvwa nan klas 7yèm, kote yo te reflechi sou sans "pouvwa". Mande elèv yo pou yo chak di yon pawòl ki ale nan menm sans ak mo "pouvwa."

3) Ekri tout sa yo di sou gran fèy papye a, toutotou mo "pouvwa". Fè aktivite sa a byen vit, san pèdi tan. (Pa egzanp, elèv yo kapab di: fòs, ladrès, otorite, prestij, kontwòl, lajan, enèji, elatriye.)

4) Di elèv yo mèsi pou kontribisyon yo. Fè yon ti rezime pou di pouvwa se kapasite oubyen fòs pou enfliyanse yon bagay oubyen fè l fèt.

5) Esplike: "Gen plizyè kalite pouvwa. Nan pwochen egzèsis la, n ap chèche dekouvri ki diferan fòm pouvwa kapab pran."

6) Brase lide sou kesyon sa yo :

   a. *"Bay egzanp yon pouvwa plizyè gwoup genyen. Egzanp: Ki pouvwa yon machann genyen?" (Li genyen pouvwa pou vann, pou fè kòb, pou deside sa l achte ak lajan li genyen, li fò nan matematik, elatriye).*

   b. *"Ki pouvwa yon doktè genyen? Yon manman ? Yon papa ? Yon pwofesè ?"*

   c. *"Ki pouvwa nou menm nou genyen?"*

   d. *"Si nou pran definisyon sa a, èske nou kapab di se sèlman otorite yo ki genyen pouvwa, oubyen èske tout moun genyen pouvwa anndan yo? " (Se tout moun ki genyen pouvwa)*

   e. *"Èske pouvwa se yon bagay pozitif oubyen negatif? Poukisa?"*

7) Bay yon egzanp kote yon moun ap sèvi ak pouvwa li sou tèt yon lòt moun.

8) Fè elèv yo soti ak plizyè egzanp. Asire genyen kèk egzanp ki pa gen rapò ak otorite peyi a, men ki pale sou fason nenpòt moun fè abi sou yon lòt.

NB: Eseye fè elèv yo konprann nan sesyon sa a, nou p ap pale sou pouvwa politik, paske pouvwa politik gen yon lòt dinamik. Se vote nou vote anpil otorite politik (majistra, prezidan, azèk, kazèk, palmantè elatriye) pou yo kapab aji nan non pèp la oubyen reprezante pèp la. Se pa sou pouvwa sa a n ap pale. N ap pale pito sou gwoup sosyal, tankou si ou wouj oubyen nwa, si ou fi oubyen gason, si ou rich oubyen pòv, elatriye. Se pa bagay nou chwazi pou tèt nou.

9) Esplike : "*Nan istwa kolonizasyon, anpil fwa nou wè yon gwoup moun ki ap mal sèvi ak pouvwa li sou tèt yon pèp.*"

10) Mande : "*Ki egzanp nou kapab bay sou yon moun ki byen sèvi ak pouvwa li ansanm ak lòt, oubyen kore lòt?*"

11) Fè elèv yo soti ak plizyè egzanp, epi asire genyen kèk egzanp ki gen rapò ak moun k ap mete fòs yo ansanm, tankou mouvman sosyal oubyen sipò yon moun nan kominote a bay yon lòt.

12) Fè rezime sesyon an konsa :

   a. *"Nou di pouvwa se kapasite pou fè, se fòs, se enfliyans. Pouvwa se kapasite oubyen fòs pou enfliyanse yon bagay oubyen fè l fèt."*

   b. *"Nou di tout moun genyen pouvwa, epi se selon jan yo sèvi ak pouvwa yo ki fè pouvwa se yon bagay pozitif oubyen yon bagay negatif."*

   c. *"Nou bay plizyè egzanp pou montre kijan nou tout gen pouvwa. Se pou nou deside kijan nou kapab sèvi avèk li nan sans pozitif."*

   d. *"Nan pwochen kou a n ap pale pi plis sou eksperyans nou menm nou genyen ak pouvwa. Tout sa pral pèmèt nou li ak konprann istwa kolonizasyon an pi byen."*

Enfòmasyon pou elèv yo kenbe nan tèt yo apre sesyon an :

Tout moun gen pouvwa. Pouvwa se yon bagay pozitif, men yon moun ka sèvi avè l yon fason pozitif oubyen yon fason negatif. Chwa a se nan men nou. Chak fwa n ap etidye istwa, li enpòtan pou nou reflechi sou sa nou ap obsève nan anviwonman nou ak sou konsèp pouvwa. Se sa k ap pèmèt nou konprann konsèp pouvwa, kiltive tolerans, respè ak enpasyalite.

Evalyasyon elèv :

Pwofesè a kapab deside kijan l ap fè evalyasyon elèv yo tankou, kòm devwa nan kay, nan tès nan fen chapit la, oubyen nan estil oral nan fen kou a, elatriye.

- Kisa pouvwa ye?
- Èske tout moun genyen pouvwa ?
- Èske pouvwa se yon bagay negatif oubyen yon bagay pozitif ? Poukisa ?

Tèm: Pouvwa

Eksperyans nou ak pouvwa[2] (45 minit)

Objektif:

- Fasilite elèv yo fè eksperyans yon sitiyasyon kote yo te santi yo pa te genyen pouvwa.
- Chèche dekouvri ki moun nan kominote a yo plis pèmèt sèvi ak pouvwa yo.

Preparasyon pwofesè a bezwen fè:

- Kole yon fèy vyèj sou mi an.

Pwopozisyon fason pou ou soti nan liv la pou ou antre nan tèm nan:

Esplike : "Sesyon sa a ap pèmèt nou antre pi fon nan refleksyon nou t ap fè nan sesyon 'Rezime sou Pouvwa'."

Egzèsis:

1) Esplike elèv yo: "*Nou tout konn fè eksperyans kote yon moun te gen pouvwa sou tèt nou. Nou pral fè yon egzèsis k ap ede nou chak sonje kijan nou santi nou lè yon moun sèvi ak pouvwa li sou tèt nou. Nan egzèsis sa a, n ap mande nou pou nou sonje yon eksperyans nou te fè. Apre sa, n ap mande nou pou nou pataje eksperyans sa a ak lòt moun, sa vle di nou dwe chwazi yon souvni nou konnen n ap alèz pou pataje ak lòt moun.*"

2) Mande elèv yo pou yo mete yo alèz, pou yo fèmen je yo epi pou yo koute sa ou pral li pou yo a avèk atansyon. Mande yo pou yo imajine sa w ap di a nan tèt yo pandan w ap li.

3) Yon fwa tout moun fèmen je yo, li tèks ki pi ba a. Li li dousman, san prese, pou elèv yo ka gen tan pou yo imajine anpil detay. Lè ou wè mo "kanpe..." a, pran yon respirasyon pwofon, epi konte nan kè w rive sou senk pou ou kapab kite kèk segonn pase :

"Sonje yon lè kote ou te santi ou pa te gen pouvwa (kanpe...). Petèt sa te pase depi lontan, oswa se yon bagay ki fèk sot pase (kanpe...). Se yon moman kote w te santi ou pa te gen okenn pouvwa (kanpe...). Gen yon lòt moun ki t ap sèvi ak pouvwa li sou tèt ou (kanpe...). Se te kabap yon zanmi, yon paran, yon frè, yon sè, yon lòt moun nan kominote a, yon patwon. Moun sa a te ka swa pi gran, swa pi piti pase w. Se te ka yon gason oubyen yon fi, oswa menm yon gwoup moun. Panse a sa yo t ap fè pou yo sèvi ak pouvwa yo sou tèt ou (kanpe...). Kisa ki te pase? (kanpe...) Kijan sitiyasyon an te prezante? (kanpe...)

"Eseye imajine w nan sitiyasyon sa a. Ki kote w te ye? (kanpe...) Eseye imajine moun oswa gwoup moun ki te sèvi ak pouvwa yo sou tèt ou (kanpe...). Sonje tout detay nan sa ki t ap pase a. Ki pawòl ou te di? (kanpe...)

Ki pawòl yo te di? (kanpe...) Kijan vizaj moun yo te ye lè sa a? (kanpe...) Kijan ou te santi w pou ou wè yon moun ap sèvi ak pouvwa l sou tèt ou? (kanpe...) Eseye sonje sa w te santi, an detay. Èske ou te santi w fache, tris, wont, ou pa te kapab reyaji, oswa ou te santi lòt bagay ankò? (kanpe...) Kounye a, lè ou pare, louvri je ou."

4) Mande elèv yo: "*Tanpri, vire sou moun ki bò kote w la, epi pataje eksperyans ou te fè lè ou te santi w te manke pouvwa a. Fè yon deskripsyon tou kout eksperyans sa a. Esplike kisa sa a te fè w lè yon moun te itilize pouvwa li sou tèt ou. M ap fè nou konnen lè 3 minit deja fin pase, lè sa a, w ap chanje wòl ak lòt moun nan pou li kapab pale w de eksperyans pa l tou.*"

5) Asire w tout moun byen konprann, epi mande elèv yo pou yo kòmanse.

6) Apre 3 minit mande chak gwoup 2 moun yo pou yo chanje wòl kote moun ki t ap rakonte a vin ap koute kounye a.

7) Apre yon lòt 3 minit, mande elèv yo tounen nan gran gwoup la, si yo te deplase.

8) Fè rezime egzèsis la:

   a. *"Nou apèn sot raple nou kijan sa ye pou gen yon moun k ap sèvi ak pouvwa li sou tèt ou. Kijan nou te santi nou nan sitiyasyon sa a?" Make lis sa tout moun di sou tablo a.*

   b. *"Panse ak kominote a. Genyen moun ki genyen plis pouvwa pase lòt, pa sa? Èske genyen kategori moun yo bay plis chans pou yo sèvi ak pouvwa yo pase lòt, tankou*

moun rich ka gen plis pouvwa pase moun pòv? Ki lòt gwoup moun yo plis pèmèt sèvi ak pouvwa yo pase lòt?"

NB: Pwen sa yo ta dwe soti nan bouch elèv yo: moun ki gen lajan, moun ki gen edikasyon, moun ki pa gen andikap, moun ki konn li, gason, elatriye). Si elèv yo pa vini ak egzanp gason pou kont yo, mande: "Èske yo plis kite gason sèvi ak pouvwa yo pase fanm?"

c. *"Èske ou panse fanm nan kominote a santi yo menm jan ou te santi w nan sitiyasyon ou sot sonje a?"*

9) Fè rezime sesyon an:

a. *"Lè yon moun sèvi ak pouvwa li sou lòt moun, sa fè moun nan santi li mal, li kapab santi rankin, dezespwa, kòlè, e lòt santiman ankò. Lè yon moun sèvi ak pouvwa li sou lòt moun, se yon abi. Se dwa moun ki sibi abi a yo pase anba pye."*

b. *"Dabitid, gason gen pèmisyon pou yo sèvi ak pouvwa yo sou fanm nan fanmi yo ak nan kominote yo."*

Enfòmasyon pou elèv yo kenbe nan tèt yo apre sesyon an:

Lè yon moun sèvi ak pouvwa li sou lòt moun, se yon enjistis moun nan fè. Moun nan pase dwa moun ki sibi enjistis la anba pye li. Enjistis se abi ki fè moun mal, sa anjandre rankin, dezespwa, kòlè ak lòt move santiman.

Evalyasyon elèv:

Pwofesè a kapab deside kijan l ap fè evalyasyon elèv yo tankou, kòm devwa nan kay, nan tès nan fen chapit la, oubyen nan estil oral nan fen kou a, elatriye.

- Kijan yon moun santi li lè li pa genyen pouvwa?
- Site 1 kategori moun nan kominote a ki souvan gen plis pouvwa pase lòt gwoup moun.

Tèm : Vyolans nan Koup/ Vyolans konjigal

Vyolans nan koup (45 minit)

Objektif:

- Defini sa ki vyolans nan koup.
- Chache sa ki sanble ant modèl sosyete feodal an Ewòp nan mwayennaj ak dinamik pouvwa nan sèten modèl fanmi jounen jodi a.
- Konprann konsekans vyolans nan koup sou fanm, sou gason, sou timoun yo, sou kominote a ak sou tout sosyete a.
- Montre avantaj ki genyen lè yon fwaye ap viv san vyolans, ak pouvwa ki byen balanse.

Preparasyon pwofesè a bezwen fè:

- Prepare definisyon vyolans nan koup sou yon fèy vyèj: "Vyolans nan koup, oswa sa yo rele vyolans konjigal, se nenpòt zak oswa menas ki lakòz blesi fizik, seksyèl, emosyonèl, oswa ekonomik ki rive ant de moun ki fòme yon koup. Nan rasin li, vyolans konjigal rive paske yon moun genyen pouvwa ak kontwòl sou tèt lòt la. Li montre yon mank egalite epi li montre estati fi a byen ba. Nan sans sa, nou kapab konprann vyolans konjigal se pa yon sèl evenman, men se yon sistèm pouvwa ak dominasyon ki etabli nan koup la."[5]

Pwopozisyon fason pou ou soti nan liv la pou ou antre nan tèm nan:

- Esplike elèv yo:
  - *"Anndan chapit sa a, nou te wè te genyen anpil dinamik pouvwa ak kontwòl anndan sosyete feodal yo nan mwayennaj. Premyeman, yo te kenbe dwa sosyal ak politik pou dirijan yo sèlman – oubyen pou pi byen di se prèske Wa yo ak moun ki ap dirije ak yo sèlman ki te jwi dwa yo kòm moun. Nan sans sa a, li te fasil pou Wa yo ak moun sa yo mal sèvi ak pouvwa yo sou tèt pèp la."*
  - *"Jodi a, n ap gade dinamik pouvwa anndan yon kay pou nou pi byen wè kijan sosyete feodal yo kite tras yo jiska prezan nan sosyete pa nou an."*

Egzèsis:

1) Brase lide sou kesyon sa yo:

   - *"Nan sosyete feodal yo, te genyen Wa, epi tout moun te sijè nan Wayòm kote yo ye. Donk tout moun oblije swiv desizyon Wa yo pran. Sa vle di, si ou pa te yon Wa, èske ou te gen anpil dwa pou ou fè desizyon pou tèt pa w? Tankou, èske ou te gen dwa deside ki relijyon w, kisa ou vle plante, ki travay ou vle fè, elatriye?"*

   - *"Ki konsekans ou panse sa te genyen lè se sèlman dirijan yo ki te genyen dwa ak pouvwa? Èske tout moun te viv byen? Poukisa?"*

2) Tande repons elèv yo, epi esplike: "Lè se sèlman kèk moun yon kote ki genyen dwa ak pouvwa, anpil fwa yo mal sèvi ak pouvwa sa a sou tèt lòt moun. Kounye a, pou pi byen konprann sosyete feodal yo, an nou pran egzanp kèk fwaye nan kominote nou an kounye a ki toujou sanble swiv modèl sa yo kote ke se sèlman kèk moun ki gen dwa ak pouvwa."

3) Mande: "Èske nou kapab di nan kèk fwaye genyen yon 'move Wa' ki pa kite lòt moun nan kay la jwi dwa pa yo? Ki egzanp nou kapab bay?"

4) Pran egzanp elèv yo bay kote ke gen sèlman yon moun nan yon kay ki jere kòb kay la, epi toujou genyen dènye mo, elatriye.

5) Mande: "Ki kalte vyolans ki konn rive fasil nan yon sitiyasyon konsa?"

6) Bat pou elèv yo pale sou diferan tip vyolans yo : Fizik, emosyonèl, seksyèl, ekonomik, epi fè yon ti rapèl sou toule kat. NB: Si elèv yo pa fasil pou yo site youn nan tip vyolans yo, poze kesyon sou li. Tankou, si yo pa di "vyolans seksyèl" ou kapab bay egzanp yon mesye ki fòse madanm li fè bagay avè l paske se li k ap kòmande.

7) Esplike: "Kounye a, nou pral li yon ti istwa yon koup ki ap viv ak vyolans, epi n ap gade kisa sa bay."

8) Bay yon elèv liv la pou li istwa pi ba a pou tout klas la tande li:

Claudette ak Jean Louis ansanm depi plizyè lane, epi yo viv nan yon bèl kay nan katye a, men tout bagay pa byen mache antre yo. Yon jou, Jean Louis vreman move nan maten, epi sanble l ap prepare tèt li pou l soti men li poko di anyen sou kòb pou achte manje. Sa Claudette te touche nan mache a pa t ase paske te gen lapli epi pa t gen anpil moun. Li konnen li pa genyen ase pou yo manje jodi a, epi malgre li pase tan nan mache, fòk li ta prepare manje, pwòpte kay la, epi pran swen timoun yo tou jodi a. Li reflechi anpil sou sa pou li fè pou yo manje jodi a, san li pa mande Jean Louis. Li konnen Jean Louis gen travay, men Jean Louis pa renmen lè Claudette mande l kòb pou kay la, epi li konn bat Claudette pou sa. Jodi a, li

ka eseye fè yon ti manje, menm si li pa vreman ase, oswa li ka mande Jean Louis si li genyen yon ti kòb pou mete ak pa l la. Jean Louis deja move maten an, epi li pale di ak timoun yo. Claudette deside pa mande, epi l ap eseye òganize yon ti manje pandan jounen an, jan li kapab. Malgre tout sa Claudette fè pou li fè yon bon ti manje pandan jounen an, manje a vreman piti lè Jean Louis tounen lakay la. Jean Louis rele fò sou Claudette, epi li ba li yon gwo souflèt. Jansiv Claudette bay san. Claudette plenyen, epi li mande padon, men Jean Louis fese l a tè epi li krache bò figi l.

9) Mande elèv yo:

   - *Èske Jean Louis ak Cluadette t ap byen viv? Kijan ou fè wè sa?*
   - *Kiyès ki genyen tout pouvwa, tout dwa, tout desizyon nan kay sa a?*
   - *Èske nou kapab di Jean Louis se "Wa" kay la?*
   - *Èske se yon Wa nan bon sans, oubyen nan move sans? Poukisa?*

10) Mete definisyon vyolans nan koup devan elèv yo pou yo kapab wè l, epi fè yon elèv li l pou nou: "Vyolans nan koup, oswa sa yo rele vyolans konjigal, se nenpòt zak oswa menas ki lakòz blesi fizik, seksyèl, emosyonèl, oswa ekonomik ki rive ant de moun ki fòme yon koup. Nan rasin li, vyolans konjigal rive paske yon moun genyen pouvwa ak kontwòl sou tèt lòt la. Li montre yon mank egalite epi li montre estati fi a byen ba. Nan sans sa a, nou kapab konprann vyolans konjigal se pa yon sèl evenman, men se yon sistèm pouvwa ak dominasyon ki etabli nan koup la."[5]

11) Mande elèv yo:

   a. *Kijan nou konprann definisyon vyolans nan koup la?*
   b. *Èske nou kapab di genyen vyolans nan koup, oubyen vyolans konjigal nan fwaye Jean Louis ak Claudette? (Wi.)*
   c. *Ki konsekans vyolans sa a kapab genyen? (NB: Fè yon lis konsekans yo sou tout moun nan fwaye a epi nan kominote a.)*

12) Fè elèv yo gade denyè pati nan definisyon an ankò, epi poze kesyon sou li: "*. . .vyolans konjigal se pa yon sèl evenman, men se yon sistèm pouvwa ak dominasyon ki etabli nan koup la.*"

13) Mande:

   a. *"Kisa pati definisyon sa a vle di? Èske se sèl souflèt Jean te bay Claudette la ki te yon zak vyolans ?"*

b. *"Selon definisyon sa a, kijan vyolans nan koup diferan pa rapò ak vyolans nou wè lè 2 gason ki fèk rankontre ap goumen nan lari?" (Gen plizyè diferans. Egzanp : Vyolans nan koup se pa yon sèl evenman, men se yon sistèm pouvwa ak dominasyon ki etabli nan koup la.)*

14) Fè rezime sesyon an:

a. *"Lè se sèlman yon moun oubyen yon gwoup moun anndan yon sosyete ki gen pouvwa, toujou gen vyolans nan sosyete a."*

b. *"Nan sosyete feodal, te genyen Wa ak lòt dirijan yo ki te gen pouvwa sou tèt tout moun, epi se sèlman yo menm ki te kapab jwi dwa yo. Gen kèk fwaye jounen jodi a ki swiv menm tras sa yo, se sèlman yon moun ki gen pouvwa sou tèt lòt yo. Sa mennen nan vyolans nan koup, oubyen sa nou rele vyolans konjigal."*

c. *"Lè gen vyolans konjigal nan yon fwaye, li enpòtan pou kominote a mete bouch nan sa prese-prese pou anpeche plis dega sou fwaye a ak kominote a."*

Enfòmasyon pou elèv yo kenbe nan tèt yo apre sesyon an:

Vyolans nan koup, oswa sa yo rele vyolans konjigal, se nenpòt zak oswa menas ki lakòz blesi fizik, seksyèl, emosyonèl, oswa ekonomik ki rive ant de moun ki fòme yon koup.

Nan rasin li, vyolans konjigal rive paske yon moun genyen pouvwa ak kontwòl sou tèt lòt la. Li montre yon mank egalite epi li montre estati fi a byen ba. Nan sans sa a, nou kapab konprann vyolans konjigal se pa yon sèl evenman, men se yon sistèm pouvwa ak dominasyon ki etabli nan koup la.

Evalyasyon elèv:

Pwofesè a kapab deside kijan l ap fè evalyasyon elèv yo tankou, kòm devwa nan kay, nan tès nan fen chapit la, oubyen nan estil oral nan fen kou a, elatriye.

- Ki konsekans ki genyen lè se sèlman yon moun oubyen yon gwoup moun ki gen pouvwa ak dwa nan yon fwaye oubyen nan yon kominote?
- Kisa vyolans nan koup ye?
- Ki avantaj ki genyen lè nan yon fwaye moun yo ap viv san vyolans?

Tèm: Vyolans seksyèl

Kò mwen se pou mwen / Konsantman[6] (45 minit)

Objektif:

- Konnen sa "konsantman" ye ak enpòtans konsantman anvan desizyon.
- Aprann e respekte prensip "kò chak moun se pou li".
- Konprann limit fanm te genyen nan tan pase pou yo kapab pran desizyon sou sa ki konsène pwòp kò yo.

Preparasyon pwofesè a bezwen fè:

- Gade epi konprann fèy "*Prensip pou konsantman eklere sou kò w*" ki parèt nan denyè pati sesyon an, apre *Evalyasyon elèv.* Fè yon kopi fèy la pou yon elèv kapab li l. Si gen posibilite, fè fotokopi pou chak elèv genyen youn nan men l.

Pwopozisyon fason pou ou soti nan liv la pou ou antre nan tèm nan:

Esplike: *"Nan sesyon sa a nou pral fè yon kout je sou fason gason te konn itilize kò fanm, kouman fanm yo pa t ka deside sou pwòp kò yo nan sosyete feodal yo epi n ap gade kouman sa ye nan sosyete pa nou jounen jodi a."*

Egzèsis:

1) Esplike:
   - *"Nan mwayennaj, sosyete feodal nan peyi lewòp yo te divize an wayòm. Sa vle di chak peyi sa yo te gen yon Wa ki t ap dirije ak tout pouvwa nan men li."*
   - *"Wa sa yo te gen dwa deside si yon moun sou teritwa l ap dirije a dwe kontinye viv oubyen si l merite mouri. Nan sans sa a, menm Rèn nan pa t epanye anba pouvwa Wa a, ni Prensès yo, sitou paske yo se fanm."*

- *"Pa egzanp, se Wa a ki te gen pouvwa pou chwazi yon solda nan lame li pou pitit fi li marye, menm si se pa t volonte Prensès la. Kidonk pitit fi Wa yo pa t ka deside sou kò yo. Kanta pou lòt fanm ki pa t gen estati Rèn ak Prensès, yo te konsidere yo tankou byen materyèl e gason te ka sèvi ak kò yo jan yo vle."*

- *"Souvan, nan sosyete feodal yo, yo te konn vyole fanm yo, fòse yo pran gason yo pa t vle san respekte diyite yo ak kò yo. Nan epòk sa a, yo te konn fè fanm yo sèvi kòm esklav, yo te konn vann yo bay lòt Wayòm, lè sa a se mèt yo ki te deside sou kò yo ak avni yo."*

- *"Nan kou sa a, nou pral gade ki desizyon nou chak ta sipoze pran jounen jodi a pou nou bay 'konsantman' sou sa ki dwe pase ak kò nou. N ap pale sou prensip 'kò mwen se pou mwen!'"*

2) Ekri mo "konsantman" pou elèv yo kapab wè l epi mande: "*Kisa 'konsantman' vle di?*" (Eseye fè soti: "konsantman se pou ou eksprime ou dakò. Men, gen kondisyon ki oblije reyini pou sa tou ; n ap wè sa pandan sesyon an".)

3) Esplike: "Kèk fwa yon moun mande nou fè yon bagay , epi nou vreman ta renmen fè l, epi nou di nou dakò. Pa egzanp, yon zanmi kapab vin mande nou jwe foutbòl ak li. Petèt tout bon nou vle ale, epi nou di nou dakò - nou bay konsantman nou sou sa. Men, gen lòt lè yon moun mande w fè yon bagay, epi ou di ou dakò men se pa vle ou vreman vle fè l, epi gen lè tou nou pa dakò ditou, men nou fè l kanmenm."

4) Mande: "Èske nou konnen yon ka kote yo fè yon fi marye ak yon nèg li pa t renmen? Evite site non moun." (NB: Pran yon sèl egzanp epi ede elèv yo konprann li.)

5) Mande: "Èske fi a te bay konsantman li nan ka sa a?"

6) Mande: "Nan ki sitiyasyon yon moun kapab di li dakò ak yon bagay menm si li pa vreman dakò?"

7) Eseye fè soti pwen pi ba yo. Kapab genyen yon lòt rezon tou.

   - Yon moun kapab di li dakò paske sa enpòtan pou lòt rezon, tankou lè ou fè devwa w pou lekòl la.

   - Yon moun kapab di li dakò paske li vle janti ak lòt moun ki mande l sa, tankou lè yon moun fè yon manje ou pa renmen epi ou manje l kanmenm pou fè l plezi.

   - Yon moun kapab di li dakò paske li pa santi li gen pouvwa pou l di non. Tankou, si yon polisye ki konn arete moun san bon rezon ta mande l al chèche yon bagay nan yon ma labou.

8) Rezime pou yo: *"Konsantman se sèlman bon dakò—se pa lè ou pa vreman dakò."*

9) Esplike: *"Jodi a, nou pral gade sitiyasyon ki gen rapò ak sa yo rele "konsantman eklere", ki gen rapò ak kò nou."*

10) Tounen sou mo "konsantman" epi di gen yon konsèp ki rele "konsantman eklere" lè yon desizyon gen rapò ak kò nou.

11) Fè yon elèv li pou lòt moun tande "Prensip pou konsantman eklere sou kò w" (prensip yo atache ak sesyon an)

12) Mande: *"Kiyès ki kapab esplike sa li konprann nan Prensip pou konsantman eklere sou kò w?" (NB: Mande youn (1) oubyen de (2) elèv bay esplikasyon pou asire gwoup la byen konprann.)*

13) Mande: *"Kounye a, an nou gade nan sosyete feodal yo, si yo te fè yon Prensès marye ak yon gason li pa t renmen epi fè pitit pou li, èske Prensès la te bay konsantman eklere?" (NB: Asire elèv yo konprann Prensès la pa t ka deside sou pwòp kò pa li, epi li pa t ka bay konsantman pa li nan ka sa a.)*

14) Mande: *"San ou pa site non moun, ki sitiyasyon ki konn rive jounen jodi a kote moun pa bay konsantman eklere sou sa k pase ak kò yo?"*

15) Pran repons elèv yo, epi ede yo analize chak egzanp yo an fonksyon de prensip yo.

16) Esplike: *"Lè yon moun pa ka bay konsantman eklere li, men yon moun fè l fè yon bagay ak kò li san li pa vle, se yon vyolans sa ye. Li genyen anpil move konsekans sou moun nan ak tout sosyete a."*

17) Mande: *"Èske yon timoun kapab bay konsantman eklere sou kò li?" (NB: Li kapab di "non" men li poko kapab di wi ak desizyon ki gen pou wè ak fè bagay.)*

18) Mande: *"Poukisa li enpòtan pou tout moun konnen kò yo se pou yo, pa pou yon lòt moun deside pou yo."*

19) Remèsye elèv yo, epi mande tout moun repete a-wot-vwa avèk pwofesè a: Kò mwen se pou mwen!

20) Opsyon: Rezime siplemantè: *"Nou wè nan sosyete feodal yo, fanm ak tifi pa t gen posibilite pou yo bay konsantman eklere yo sou sa k te rive ak kò yo. Menm jounen jodi a n ap goumen pou tout moun konprann kò chak moun se pou moun nan. Men jodi a, prensip pou konsantman eklere a gen plis chans pou yo respekte l pase nan sosyete kote tout bagay te swiv lòd Wa a."*

Enfòmasyon pou elèv yo kenbe nan tèt yo apre sesyon an:

Gen konsantman lè yon moun genyen kapasite pou li byen konprann nan kisa l ap antre ak konsekans sa genyen. Gen kèk bagay ki pa pou timoun, donk pèsonn pa kapab di timoun nan te bay konsantman li ladan yo. Konsantman eklere dwe vini anvan tout sa ki konsène kò yon moun.

Evalyasyon elèv:

Pwofesè a kapab deside kijan l ap fè evalyasyon elèv yo tankou, kòm devwa nan kay, nan tès nan fen chapit la, oubyen nan estil oral nan fen kou a, elatriye.

- Èske nan epòk feodal, fanm jeneralman te ka deside sou pwòp kò yo? Wi oubyen non?
- Site omwens 2 nan "Prensip pou konsantman eklere sou kò w"
- Kiyès nan chwa pi ba yo ki se yon egzanp kote yon moun bay konsantman eklere li:

    a. *Lè Wa a nan epòk feodal te chwazi yon solda nan lame li pou pitit fi li marye, menm si se pa t volonte Prensès la.*

    b. *Lè yon fanm oblije marye ak yon moun li pa vle jounen jodi a.*

    c. *Lè yon moun ki genyen anpil pouvwa sou tèt yon lòt moun manyen kò moun ki genyen mwens pouvwa a.*

    d. *Lè 2 moun ki majè epi ki alèz youn ak lòt deside marye.*

    e. *Lè yon fanm fè bagay ak yon gason paske li bezwen lajan oswa lòt favè nan men gason an.*

Prensip pou konsantman eklere sou kò w

FOTOKOPI

Konsantman eklere se lè ou dakò tout bon pou yon bagay rive ak kò w. Lis pi ba a se kèk kondisyon ki oblije reyini pou nou di yon moun bay konsantman eklere li, oubyen wi li se vreman yon wi ak tout kè li sou sa k pase ak kò li. Ou kapab bezwen konsantman eklere pou ou deside kiyès ki gen dwa manyen ou, ak kiyès e ki lè pou ou fè bagay, elatriye.

Pou bay konsantman eklere, ou bezwen:

- Kwè ou gen dwa pou ou deside pou tèt ou sa w ap fè ak kò w.
- Genyen ase pouvwa ak kontwòl sou pwòp lavi pa w pou ou kapab kominike epi fè pwòp desizyon pa w sou sa ki dwe pase ak kò w.
- Genyen ase matirite pou ou konprann kisa aktivite a genyen ladan li epi ki konsekans li kapab pote avè l, epitou genyen ase matirite pou ou pale sou refleksyon sa yo ak moun ki ap mande w antre nan relasyon entim.
- Genyen tout bon sans ou ak tèt ou klè—ou pa ka genyen tafya oubyen dwòg nan tèt ou pandan w ap pran desizyon an.
- Byen enfòme sou tout enfòmasyon ou bezwen pou ou fè yon bon desizyon.
- Desizyon ou fè se pa paske ou bezwen lajan oubyen byen materyèl.
- Majè (NB: Yon timoun kapab di "non" li pa vle yon moun manyen kò l oubyen "non" li p ap fè bagay, menm si li poko majè. Men, li poko kapab di "wi" li vle paske li poko gen laj pou sa.)



NB : Adaptasyon apati materyèl "It's All One". IPPF. (2012). It's all one, Book 2: Activities, p 78.

Tèm: Makonnay ant vyolans sou fanm ak tifi epi VIH/SIDA

Danje pou fanm nan sosyete a, pati 1[2] (45 minit)

Objektif:

- Ede elèv yo konprann kouman vyolans sou fanm ak tifi ka mennen nan VIH/SIDA.

Preparasyon pwofesè a bezwen fè:

- Kole 2 gwo fèy papye blan sou mi an.
- Pote plis gwo fèy papye blan (omwen 4).
- Sou 4 ti mòso papye, ekri youn nan sijè sa yo:
  - **Gwoup 1:** Vyolans fizik se yon kòz pou enfeksyon VIH/SIDA.
  - **Gwoup 2:** Vyolans emosyonèl se yon kòz pou enfeksyon VIH/SIDA.
  - **Gwoup 3:** Vyolans seksyèl se yon kòz pou enfeksyon VIH/SIDA.
  - **Gwoup 4:** Vyolans ekonomik se yon kòz pou enfeksyon VIH/SIDA.

Pwopozisyon fason pou ou soti nan liv la pou ou antre nan tèm nan:

Esplike: *"Nan sosyete koloni yo, te genyen dezekilib pouvwa ki te pote anpil move konsekans, tankou vyolans. Menm jan jounen jodi a, dezekilib pouvwa mennen nan vyolans. Epi vyolans mennen nan lòt move konsekans ankò."*

Egzèsis:

1) Mande: *"Ki egzanp nou kapab bay sou vyolans kolon yo te konn fè sou fanm ak tifi?" (NB: rache pitit anndan vant fanm ak kout lans, fòse fi yo fè pitit ak kolon yo san yo pa t dakò, elatriye)*

2) Esplike:

   a. *"Dezekilib pouvwa nan epòk kolonizasyon yo te mennen anpil move konsekans sou tout moun, epi nou wè jan fanm ak tifi te soufri pi plis."*

   b. *"Jounen jodi a, dezekilib pouvwa kreye vyolans sou fanm ak tifi ki genyen menm move konsekans li te genyen sou moun nan epòk kolonizasyon."*

   c. *"Men, an nou gade yon konsekans an plis vyolans sou fanm genyen ki pa t egziste nan epòk kolonizasyon yo, men ki la jounen jodi a."*

   d. *"Dezekilib pouvwa ant fi ak gason ogmante risk pou fanm sibi vyolans oswa trape enfeksyon VIH/SIDA. Nan sesyon sa a, nou pral etidye kijan vyolans sou fanm lakòz enfeksyon VIH/SIDA."*

3) Sou premye fèy papye a, ekri: "Vyolans sou fanm lakòz fanm trape enfeksyon VIH/SIDA"

4) Mande elèv yo: *"Ki 4 kalite vyolans sou fanm ki genyen?"* Make repons yo jiskaske yo site tout kalite vyolans yo. Sou dezyèm fèy tablo a, ekri:

   Kalite vyolans sou fanm:

   Fizik, Emosyonèl, Seksyèl, Ekonomik

5) Esplike: "*Nou pral fè 4 gwoup pou nou dekouvri kouman vyolans sou fanm se yon kòz pou VIH/SIDA. Bay chak gwoup youn nan kalite vyolans yo. Gwoup pa w la pral fè yon lis egzanp pratik sou fason yon kalite vyolans kapab lakòz VIH/SIDA."*

6) Mande elèv yo divize tèt yo an 4 gwoup. Fè yo konte tèt yo sot sou 1 rive sou 4 jiskaske chak gen nimewo pa yo epi y a fòme ekip ak moun ki gen menm nimewo.

7) Esplike: *"Kounye a, mwen pral ba nou sijè pou egzèsis sa a. N ap gen 10 minit pou nou fè yon lis egzanp pratik pou sijè mwen ba nou an. Ekri sijè nou yo nan tèt yon gwo paj epi ekri lide nou anba li."*

8) Bay chak gwoup 1 sijè epi di yo kòmanse tousuit.

9) Fè gwoup la konnen lè yo rete 5 minit. Di yo "*kanpe la!*" lè 10 minit la rive.

10) Mande yon reprezantan chak gwoup prezante lide yo. Òganize yo sou mi an menm jan ak chema ki pi ba a. Sa vle di ou pral desine chema a ofiramezi elèv yo ap pataje lide yo. Apre chak gwoup fin bay lide yo, mande si genyen lòt egzanp nenpòt lòt moun vle ajoute.

Kalte vyolans ki mennen enfeksyon VIH/SIDA

- **VYOLANS FIZIK** Bay kou, bay kalòt, kout baton, bourad
- **VYOLANS SEKSYÈL** fè bagay fòse, fè bagay anba presyon, fè bagay pou lajan, menaj sou kote
- **VYOLANS EMOSYONÈL** pa bay fi afeksyon, bay fi move non, rele sou fi, anpeche yon fi pran kontak ak zanmi ak fanmi
- **VYOLANS EKONOMIK** pa pran responsabilite l nan depans kay la, pa pèmèt fi travay, pa pèmèt fi dekouvri kapasite yo nan devlope bon relasyon ekonomik.

11) Rezime:

a. *"Vyolans sou fanm kapab lakòz fanm trape enfeksyon VIH/SIDA." Se yon malè pandye ki sou tèt fanm."*

b. *"Si nou vle anpeche fanm trape enfeksyon VIH/SIDA, se pou nou abòde dezekilib pouvwa ki genyen ant fanm ak gason."*

c. *"Vyolans sou fanm kapab akselere devlopman SIDA sou fanm paske li mete yon presyon fizik, emosyonèl ak ekonomik sou fanm."*

Enfòmasyon pou elèv yo kenbe nan tèt yo apre sesyon an:

- Vyolans sou fanm ak tifi kapab mennen nan VIH/SIDA.
- Nou dwe abòde dezekilib pouvwa ant fanm ak gason si nou vle diminye VIH/SIDA.

Evalyasyon elèv:

Pwofesè a kapab deside kijan l ap fè evalyasyon elèv yo tankou, kòm devwa nan kay, nan tès nan fen chapit la, oubyen nan estil oral nan fen kou a, elatriye.

- Site 3 egzanp ki montre kouman vyolans sou fanm ak tifi ka mennen nan VIH/SIDA.
- Esplike poukisa nou dwe abòde dezekilib pouvwa si nou vle diminye VIH/SIDA.

Tèm: Makonnay ant vyolans sou fanm ak tifi epi VIH/SIDA

Danje pou fanm nan sosyete a, pati 2[2] (45 minit)

Objektif:

- Ede elèv yo konprann kòman VIH/SIDA kapab lakoz plis vyolans sou fanm, e kòman vyolans sou fanm kapab lakoz plis moun trape VIH/SIDA.

Preparasyon pwofesè a bezwen fè:

- Kole 2 gwo fèy papye blan sou mi an.
- Pote plis gwo fèy papye blan (omwen 4).
- Sou 4 ti mòso papye, ekri youn nan sijè sa yo:
  - **Gwoup 1:** Lè yon moun gen VIH/SIDA, sa mennen nan vyolans fizik sou fanm (ki vle di vyolans fizik se yon konsekans enfeksyon VIH/SIDA.)
  - **Gwoup 2:** Lè yon moun gen VIH/SIDA, sa mennen nan vyolans emosyonèl sou fanm (ki vle di vyolans emosyonèl se yon konsekans enfeksyon VIH/SIDA.)
  - **Gwoup 3:** Lè yon moun gen VIH/SIDA, sa mennen nan vyolans seksyèl sou fanm (ki vle di vyolans seksyèl se yon konsekans enfeksyon VIH/SIDA.)
  - **Gwoup 4:** Lè yon moun gen VIH/SIDA, sa mennen nan vyolans ekonomik sou fanm (ki vle di vyolans ekonomik se yon konsekans enfeksyon VIH/SIDA.)

- Repwodwi chema pi ba a sou yon gwo fèy papye blan.



Pwopozisyon fason pou ou soti nan liv la pou ou antre nan tèm nan:

Esplike: *"Nou wè kounye a genyen yon enfeksyon ki ap atake anpil moun, sitou fanm. An nou gade si se pa konsekans vyolans sou fanm."*

Egzèsis:

1) Esplike elèv yo: "Nan dènye egzèsis la, nou te wè kouman VIH/SIDA lakòz vyolans sou fanm. Nan sesyon sa a, nou pral etidye kijan VIH/SIDA mennen nan vyolans sou fanm."

2) Sou premye fèy papye a, ekri: "Vyolans sou fanm se konsekans enfeksyon VIH/SIDA kay fanm."

3) Mande elèv yo: "Ki 4 kalite vyolans sou fanm ki genyen?"

4) Make repons yo jiskaske yo site tout kalite vyolans yo. Sou dezyèm fèy tablo a, ekri:

   Kalite vyolans sou fanm: Fizik, Emosyonèl, Seksyèl, Ekonomik

5) Esplike: "Nou pral fè 4 gwoup pou nou dekouvri kouman VIH/SIDA mennen nan vyolans sou fanm . Bay chak gwoup yon tip vyolans diferan. Chak gwoup pral fè yon lis vyolans abityèl, dapre tip vyolans pa li, ki se konsekans VIH/SIDA."

6) Mande elèv yo divize tèt yo an 4 gwoup. Fè yo konte tèt yo sot sou 1 rive sou 4 jiskaske chak gen nimewo pa yo epi yo fòme ekip ak moun ki gen menm nimewo.

Kalte vyolans ki se konsekans enfeksyon VIH/SIDA

- **VYOLANS FIZIK** Bay kou, bay kalòt, kout baton, bourad
- **VYOLANS SEKSYÈL** mennaj sou kote, pran enfeksyon an ankò, fè bagay fòse
- **VYOLANS EMOSYONÈL** bay fi move non, blame fi, rele sou fi, retire pitit li nan men l, pa pèmèt li jwenn ase tretman oswa ase sèvis
- **VYOLANS EKONOMIK** abandònman, mete yon fi deyò, pa bay fi lajan oswa manje, pa pèmèt yon fi travay pou l fè kòb pa li, pran kòb yon fi fè oubyen pran zafè li

7) Poze yo kesyon sa yo:

   a. *"Kisa nou aprann nan egzèsis sa a?"*

   b. *"Poukisa li enpòtan pou nou rekonèt rapò ki genyen ant VIH/SIDA ak vyolans sou fanm? "*

   c. *"Èske nou panse nou ka anpeche fanm trape enfeksyon VIH/SIDA san nou pa anpeche fanm sibi vyolans? Si wi, poukisa; si non, poukisa?"*

Montre chema ki pi ba a ou te repwodui sou yon gwo fèy papye. Fè elèv yo li 4 egzanp kote vyolans mennen nan VIH/SIDA, epi 4 egzanp kote VIH/SIDA mennen nan plis vyolans sou fanm.



8) Rezime sesyon an konsa:

   a. *"Vyolans sou fanm kapab lakòz fanm trape enfeksyon VIH/SIDA."*

   b. *"Lè fi enfekte avèk viris VIH/SIDA, sa ka lakòz yo sibi vyolans sou fanm."*

   c. *"Si nou vle anpeche fanm trape enfeksyon VIH/SIDA, se pou nou trete pwoblèm dezekilib pouvwa ki genyen ant fanm ak gason."*

   d. *"Vyolans sou fanm kapab fè maladi SIDA devlope pi rapid sou fanm akoz tout move presyon moun santi lè yo ap sibi vyolans fizik, emosyonèl ak ekonomik."*

9) Opsyon: Rezime siplemantè: *"Menm si pa te genyen enfeksyon VIH/SIDA nan epòk kolonizasyon yo, nou kapab wè jan dezkilib pouvwa ak vyolans sou fanm te mennen move konsekans sou tout kategori moun. Menm jan jodi a, pwoblèm sa yo mennen VIH/SIDA ak lòt pwoblèm."*

Enfòmasyon pou elèv yo kenbe nan tèt yo apre sesyon an:

VIH/SIDA kapab lakoz plis vyolans sou fanm, e vyolans sou fanm kapab lakoz plis moun trape VIH/SIDA.

Evalyasyon elèv:

Pwofesè a kapab deside kijan l ap fè evalyasyon elèv yo tankou, kòm devwa nan kay, nan tès nan fen chapit la, oubyen nan estil oral nan fen kou a, elatriye.

- Site 3 egzanp ki montre VIH/SIDA ka mennen nan vyolans sou fanm ak tifi.

Tèm: Kòz fondamantal vyolans sou fanm ak tifi

Nouvo Planèt[2] (45 minit)

Objektif:

- Kreye yon eksperyans avèk yon je-de-wòl kote yon gwoup gen pouvwa sou yon lòt.
- Montre rapò ki genyen ant jwèt Nouvo Planèt ak sitiyasyon reyèl nan kominote a.

Preparasyon pwofesè a bezwen fè:

- Fotokopye epi dekoupe tout kat ki parèt nan denyè pati sesyon an, apre Evalyasyon elèv. Dekoupe 1 nan chak kat dwa yo pou chak elèv (chak moun genyen 4 dwa). Dekoupe tou ase kat Lavi kare pou lamwatye nan elèv yo kapab jwenn, epi ase kat Lavi won pou lòt mwatye elèv yo kapab jwenn (egzanp: si genyen 30 elèv, ap genyen 15 won ak 15 kare).
- Prepare 1 mòso tep pou chak elèv.

Pwopozisyon fason pou ou soti nan liv la pou ou antre nan tèm nan:

Esplike : *"Kolonizasyon toujou mennen vyolans, epi lè gen vyolans, anpil fwa se fanm ak tifi ki sibi li pi plis. Depi nan tan kolonizasyon rive jounen jodi a, gen gwoup moun ki toujou sibi vyolans plis pase lòt. Nan sesyon sa a, nou pral gade kisa ki lakòz sa."*

Egzèsis:

1) Mande: "Nan tout etid nou fè sou listwa kolonizasyon, èske nou te wè tout moun te genyen menm kantite ak menm kalite pouvwa ? Kiyès ki te genyen pouvwa epi kiyès ki te manke pouvwa ?" (Eseye fè yo soti ak lide se kolon yo ki te genyen pouvwa sou tèt moun yo kolonize yo).

2) Raple elèv yo kisa "dezekilib pouvwa" vle di. Eseye fè soti se lè moun sèvi ak fòs oubyen kapasite yo sou tèt lòt moun.

3) Esplike :

   a. *"Nou wè prèske sou tout latè te gen kolonizasyon ak vyolans. Sa vle di, sou tout planèt tè a te gen vyolans epi vyolans kontinye jiska jounen jodi a.*

   b. *"Nan egzèsis sa a, nou tout ap tounen sitwayen yon Nouvo Planèt pou nou kapab gade kijan moun sou Nouvo Planèt la ap viv. Nouvo Planèt sa a pa kolonize nan moman sa a. Sou planèt sa a, se yon sèl bagay nou fè tout tan— youn salye lòt! Epi nou koute, epi nou respekte tout lwa planèt la byen respekte."*

4) Esplike: *"Elèv yo pral pwomennen nan sal la epi y ap di chak moun non yo, youn pa youn. Chak fwa ou rankontre yon moun pou dezyèm oswa twazyèm fwa, se pou w ba li lòt enfòmasyon sou ou menm (pa egzanp, kote ou abite, si ou gen pitit, elatriye...) Pou tout salitasyon yo, se pou w sèvi ak vrè non w."*

5) Mande elèv yo pou yo kanpe epi pou yo kòmanse pwomennen epi salye youn lòt.

6) Pandan y ap fè sa, sòti 4 pil kat dwa yo.

7) Aprè elèv yo fin prezante tèt yo pandan 2 minit, di "*kanpe la!*" Fè elèv yo ba w tout atansyon yo epi asire w yo rete kanpe.

8) Esplike: *"Sou Nouvo Planèt sa a, gen lwa espesyal epi moun ki sou planèt sa a fè tout sa lalwa mande. Kounye a mwen pral li premye lwa nan twa lwa ki genyen sou planèt sa a."*

Lwa nimewo 1

Nou kontan akeyi tout gran sitwayen Nouvo Planèt nou an! Nou se yon planèt moun ki kontan epi ki byen youn ak lòt, nou toujou enterese rankontre moun nou poko konnen, nou toujou pare pou di yo kichòy de nou. Antanke sitwayen planèt sa a, nou chak gen dwa a 4 bagay:

- **Premyèman,** nou gen dwa a sekirite fizik, ki pwoteje nou pou okenn mal pa rive kò nou. Nou chak ap resevwa kat sa a ki reprezante dwa sekirite fizik nou genyen an. (Montre kat "Dwa sekirite fizik" la bay gwoup la.)

- **Dezyèmman,** nou gen dwa pou nou jwenn respè nan men lòt moun, sa pwoteje nou pou moun pa maltrete nou, oswa pou yo pa gen prejije kont nou. Nou chak ap resevwa kat sa a ki reprezante dwa respè nou tout genyen an. (Montre gwoup la kat "Dwa respè nan men lòt moun".)

- **Twazyèmman,** nou gen dwa pou nou pran desizyon pou tèt nou, ki pwoteje nou anba moun k ap anpeche nou fè lajan, oswa genyen byen, osinon jwenn tout enfòmasyon nou bezwen. Nou chak ap resevwa kat sa a ki reprezante dwa ou genyen pou w kapab deside pou kont ou. (Montre gwoup la kat "Dwa pran desizyon pou tèt mwen" an.)

- **Katriyèmman,** nou gen dwa pou nou gen kontwòl sou vi seksyèl nou, ki pwoteje nou pou moun pa fòse nou marye, fòse nou fè bagay, ba nou presyon pou fè bagay pou lajan oswa pou favè, oubyen fè nenpòt aktivite seksyèl ki kont volonte nou. Nou chak ap resevwa kat sa a ki reprezante dwa kontwòl sou vi seksyèl nou. (Montre kat "Dwa pou mwen gen kontwòl sou vi seksyèl mwen" an bay gwoup la.) Tanpri vin pran kat nou yo epi kontinye salye youn lòt.

9) Pandan elèv yo ap kontinye salye youn lòt, plase 2 pil kat Lavi yo tou pre mòso tep ou te prepare yo.

10) Aprè 3 minit, di "*kanpe la*" epi fè elèv yo ba w tout atansyon yo.

11) Esplike yo moman an rive pou nou li dezyèm lwa a.

Lwa nimewo 2

Pou tout gran sitwayen Nouvo Planèt nou an, nou pral divize tout popilasyon planèt nou an an 2 gwoup. Mwatye nan nou pral vin "kare" epi lòt mwatye a pral vin "won." Nou chak pral pran yon kat ki reprezante youn nan gwoup sa yo; yo rele li kat Lavi nou. Se pou nou genyen yon kat Lavi pou nou ka rete vivan sou Nouvo Planèt sa a. Tanpri pran yon kat epi tepe li sou lestomak nou. Aprè sa, kontinye salye youn lòt. Asire w kat Lavi kare yo ak Kat Lavi won yo separe mwatye-mwatye nan gwoup la.

10. Aprè 3 minit, kanpe elèv yo epi li dènye lwa a.

Lwa nimewo 3

Pou tout gran sitwayen Nouvo Planèt nou an, tan yo chanje. Kounye a, nou fè deklarasyon ofisyèl sa a: won yo gen plis pouvwa pase kare yo. Si m bat men m (oubyen sonnen klòch/soufle souflèt) pandan yon won ak yon kare ap salye youn lòt, won an kapab pran youn nan 4 dwa kare a. Si kare a pa gen dwa ankò, won an ka pran kat Lavi kare a. Si yon kare pèdi kat Lavi li, se pou li rete kanpe kote li ye a pou tout rès jwèt la. Menm si kare yo konnen risk sa a, se pou yo kontinye salye won yo. Tanpri kontinye salye youn lòt.

12) Tanzantan, bat men w (oubyen sonnen klòch/soufle souflèt). Kou yon tyè nan elèv yo rete kanpe, di yo "*kanpe la!*" pou w fini jwèt la. Esplike yo 3 lwa yo pa valab ankò pandan n ap pale sou sitiyasyon Nouvo Planèt sa a.

13) Mande gwoup la pou li chita, pou l fè yon sèk byen laj.

14) Sèvi ak kesyon sa yo pou nou diskite sou eksperyans lavi sou Nouvo Planèt sa a:

    a. *"Kijan ou te santi w lè w te resevwa 4 dwa w yo?"*

    b. *"Kijan ou te santi w lè yo te divize w ant won ak kare?"*

    c. *"Kare yo, kijan nou te santi nou lè won yo te resevwa plis pouvwa? Ki risk ou te santi ou te genyen pou yo te pran dwa w nan men w nenpòt lè? Ki konsekans sa te genyen sou konpòtman w?"*

    d. *"Won yo, kijan nou te santi nou lè nou te genyen plis pouvwa?"*

    e. *"Kisa ki ka rive won yo kòm konsekans lè yo pran tout pouvwa kare yo?"*

    f. *"Kijan nou kapab konpare Nouvo Planèt la ak kominote pa nou yo?"*

15) Esplike:

    a. *"Nou pral kontinye fè deba sou Nouvo Planèt la nan pwochen kou a."*

    b. *"Pou kounye a, n ap tounen sou planèt tè a, epi n ap raple tout moun nou chak genyen tout 4 dwa nou yo, paske nou se moun. Pa gen youn ki ta sipoze genyen plis dwa pase lòt."*

16) Remèsye elèv yo pou patisipasyon yo.

Enfòmasyon pou elèv yo kenbe nan tèt yo apre sesyon an:

Nou dwe sonje nou tout gen dwa e nou gen pouvwa. Nou pa dwe aksepte pran presyon nan men moun pou nou fè sa ki pa bon pou nou, nou pa dwe bay moun presyon pou yo fè volonte pa nou.

Evalyasyon elèv:

NB: Tout kesyon evalyasyon elèv ap poze, se apre 2zyèm sesyon sou tèm sa a: Kòz fondamantal.

FOTOKOPI

[Pou fotokopye epi dekoupe]

Kat Dwa yo:

Dwa jwenn respè nan men lòt moun

Dwa pou mwen gen kontwòl sou vi seksyèl mwen

Dwa jwenn sekirite fizik

Dwa pran desizyon pou tèt mwen

FOTOKOPI

Kat Lavi yo:

Tèm: Kòz fondamantal vyolans sou fanm ak tifi

Kòz fondamantal^2 (45 minit)

Objektif:

- Konprann kolonizasyon avèk vyolans sou fanm ak tifi genyen yon menm baz ki se dezekilib pouvwa.
- Demontre kouman pouvwa gason genyen sou fanm se kòz fondamantal vyolans sou fanm.

Preparasyon pwofesè a bezwen fè:

- Divize tablo a an 4 pati, epi ekri youn nan kesyon pi ba yo sou tèt chak pati:
  - Bay egzanp sou fason sosyete a bay gason pouvwa sou fanm nan **relasyon** ant fanm ak gason? / Nan tout aktivite kote fanm ak gason patisipe ansanm?
  - Bay egzanp sou fason sosyete a bay gason pouvwa sou fanm nan **fanmi**?
  - Bay egzanp sou fason sosyete a bay gason pouvwa sou fanm nan **lekòl**?
  - Bay egzanp sou fason sosyete a bay gason pouvwa sou fanm nan **kominote** nou yo ak **sosyete** a an jeneral?

Pwopozisyon fason pou ou soti nan liv la pou ou antre nan tèm nan:

NB: Sesyon sa a se suit sesyon "Nouvo Planèt" la. Li pral pèmèt nou antre nan reyalite pa nou.

Egzèsis:

1) Nan dènye kou a, nou te jwe yon jwèt kote nou te ale sou yon Nouvo Planèt. Jodi a, nou pral fè konparezon ant sa k te rive sou Nouvo Planèt sa a avèk kolonizasyon, epi ak jan sa ye nan sosyete nou an jounen jodi a.

2) Itilize kesyon sa yo pou nou konpare Nouvo Planèt la ak lavi nan kominote nou an. Mande elèv yo:

   a. *Ki 4 dwa tout moun te genyen okòmansman sou Nouvo Planèt la? (Dwa sekirite fizik, Dwa respè nan men lòt moun, Dwa pran desizyon pou tèt yo, ak Dwa pou yo gen kontwòl sou vi seksyèl yo).*

   b. *"Èske tout pèp ki te kolonize te genyen posibilite pou jwi 4 dwa sa yo?*

   c. *Èske tout moun nan peyi nou an jodi a genyen 4 dwa sa yo?*

   d. *"Èske tout moun nan peyi nou jodi a kapab jwi 4 dwa sa yo?"*

   e. *"Kouman sosyete pa nou an divize an 2 gwoup, avèk 2 kalite moun?" (Asire w "gason ak fi" se youn nan repons yo. Lòt repons kapab moun ki konn li, moun rich, moun lavil, elatriye)*

   f. *"Kisa ki rive lè sosyete a bay yon gwoup plis pouvwa pase yon lòt?"*

   g. *"Èske li jis pou sosyete a bay kèk moun plis pouvwa? Poukisa wi oubyen poukisa non?"*

   h. *"Dabitid, ki gwoup yo bay plis pouvwa nan kominote nou an?"*

   i. *"Èske kèk moun sèvi ak pouvwa sa a pou yo retire dwa lòt moun?"*

   j. *"Kouman dezekilib pouvwa ant fi ak gason mete yon limit nan lavi fi sou tè a (pa egzanp, nan chwa yo kapab fè ak mouvman yo nan sosyete a, ak deplasman yo nan kominote a)?"*

3) Esplike: *"Lè gen yon dezekilib pouvwa ant yon gwoup kolon ak yon pèp ki kolonize, oubyen dezekilib pouvwa ant yon gason ak yon fi, nou di yon gwoup oubyen yon moun ap sèvi ak pouvwa li sou lòt la. Dezekilib pouvwa sa a egziste paske manm kominote a pa reflechi ase sou sa, yo aksepte sa, oswa yo pe bouch yo sou sa. Pou sitiyasyon sa a ka chanje, n ap bezwen kòmanse fè chanjman sa a nou menm."*

4) Esplike: *"Kounye a, nou pral divize an 4 gwoup. Chak gwoup pral pran 1 kategori: relasyon, fanmi, lekòl, kominote/sosyete. Travay chak gwoup se pou gade kategori pa li epi brase lide sou plizyè egzanp ki montre kijan sosyete pèmèt epi ranfòse pouvwa gason genyen sou fi. Ekri tout lide nou yo sou tablo a. Nou genyen 10 minit pou nou fè sa."*

5) Bay chak gwoup lakrè pa yo pou yo ekri repons yo.

6) Apre 10 minit, mande gwoup yo tounen pou prezante lide yo. Men kèk lide:

a. *Nan relasyon: (a) kase fèy kouvri sa lè gen mari k ap bat madanm oubyen lòt vyolans nan yon maryaj, (b) kwayans se dwa yon gason pou li egzèse pouvwa sou madanm li, (c) kwayans ke gason yo ta dwe fè tout desizyon finans pou koup la, (d) jan nou aksepte diferan konpòtman nan men gason pa rapò ak fanm (egzanp: gason yo kapab tounen lakay la ta, men fanm pa kapab, elatriye)*

b. *Nan fanmi an: (a) lè yo fè pitit, anpil moun pito fè yon gason pase yon fi, (b) bay edikasyon gason yo plis enpòtans pase pa fi yo, (c) fè fi yo kwè yo fèt ak tout byen yo, oubyen yo la sèlman pou pran swen lòt moun, (d) fè gason yo panse li nòmal pou fè pitit epi apre sa abandone fwaye a, oubyen fè pitit ak plizyè fanm.*

c. *Nan lekòl yo: (a) mwens fanm pwofesè nan segondè, (b) pwofesè ak pèsonèl lekòl ki pa bay etid fi yo menm valè ak etid gason yo, (c) tizonnay/ asèlman seksyèl oubyen eksplwatasyon seksyèl kont elèv fi yo, (d) mank egzanp lidèchip fanm nan kontni liv lekòl, ak nan istwa.*

d. *Nan kominote a ak sosyete a: (a) kase fèy kouvri sa ak mank sanksyon sosyal lè gen vyolans sou fanm; (b) pa tande opinyon fanm ak tifi lè genyen yon rankont kominotè, oubyen pa tande yo ak menm atansyon avèk lè yon gason pale; (c) mank prezans lidèchip fanm a tout nivo.*

7) Apre 10 minit, mande chak gwoup li repons pa yo.

8) Mande:

   a. *"Kisa nou panse, apre nou fin wè tout egzanp yo?"*

   b. *"Kisa ki sanble nan dezekilib pouvwa ant kolon ak pèp ki te kolonize sanble avèk dezekilib pouvwa ant fi ak gason jounen jodi a?" (Egzanp : Pèp ki kolonize manke libète / Fanm ki nan relasyon dezekilibre manke libète – Pèp ki kolonize pa kapab pran desizyon pou tèt yo / Fanm ki nan relasyon dezekilibre pa kapab pran desizyon pou tèt yo – Menas ak vyolans sou Pèp ki kolonize / Menas ak vyolans sou fanm ki nan relasyon dezekilibre).*

   c. *"Èske se pa dezekilib pouvwa ki lakòz vyolans sou fanm ak tifi?"*

9) Esplike: *"Se dezekilib pouvwa ant fanm ak gason ki koz fondamantal vyolans sou fanm ak tifi. Si sosyete a pa te dakò ak yon fòs kote ant fanm ak gason, moun ta sibi vyolans a menm nivo. Se paske fanm ak tifi manke pouvwa nan sosyete a ki fè yo sibi plis vyolans. Se lè nou deside ekilibre pouvwa ant fanm ak gason, lè nou deside pa kolonize fanm ak tifi ankò nan sosyete a, nan yon sans, nou ap jwenn mwens vyolans epi plis kè kontan."*

10) Remèsye elèv yo pou patisipasyon yo.

Enfòmasyon pou elèv yo kenbe nan tèt yo apre sesyon an:

Dezekilib pouvwa egziste paske manm kominote a pa reflechi ase sou sa, yo aksepte sa, oswa yo pe bouch yo sou sa. Pou sitiyasyon konsa chanje, nou chak genyen patisyon pa nou pou nou jwe e nou dwe sèvi egzanp ak bon konpòtman nou.

Evalyasyon elèv:

Pwofesè a kapab deside kijan l ap fè evalyasyon elèv yo tankou, kòm devwa nan kay, nan tès nan fen chapit la, oubyen nan estil oral nan fen kou a, elatriye.

- Kiyès ki te genyen plis pouvwa – kolon yo oubyen moun ki te kolonize yo ?
- Kiyès jodi a ki genyen plis pouvwa nan sosyete pa nou jounen jodi a – fi oubyen gason ? Poukisa ?
- Kisa ki koz fondamantal vyolans sou fanm ak tifi ?

9 SESYON POU YÈM ANE FONDAMANTAL SYANS SOSYAL

Dokiman syans sosyal sa a, menm ak sa 7yèm ak 8 yèm Ane yo, pran an kont kourikoulòm Ministè Edikasyon Nasyonal ak Fòmasyon Pwofesyonèl (MENFP)[7]. Li ap pèmèt nou mete elèv yo fas ak tèt yo, an fas kèk pratik sosyal pou yo dekouvri fason yo menm yo kapab fè diferans ki baze sou bon itilizasyon pouvwa. Li ap pèmèt yo kapab evalye zak lòt moun poze epi konstwi pozisyon pa yo.

Tablo pi a prezante tèm ki trete yo, referans nan kourikoulòm leta ak liv, plis sesyon ak pwopozisyon lè pou sesyon yo reyalize.

Tèm	Sesyon, lè ak paj	Referans nan kourikoulòm /liv
Pouvwa	Pouvwa, Privilèj, Egalite (45 minit) paj 66	Kourikoulòm leta: Comprendre l'évolution des sociétés, curriculum, paj 4. Liv: *Quelques grandes étapes dans l'évolution de l'humanité.* Docteur Carltz. *Sciences Sociales 9ème Année Fondamantale.* Chapitre 1: *Les Sociétés humaines,* p. 8, nan fen paj la.
Pouvwa	Chwa nou fè ak pouvwa (45 minit) paj 70	Kourikoulòm leta: Analyser une société humaine, la distinguer d'une autre, curriculum p. 4. Liv: *Quelques grandes étapes dans l'évolution de l'humanité.* Docteur Carltz. *Sciences Sociales 9ème Année Fondamantale.* Chapitre 1: *Les Sociétés humaines,* p. 16, nan fen paj la.
Blam Viktim	Blam Viktim (45 minit) paj 76	Kourikoulòm leta: Comprendre le caractère dépendant des sociétés antillaises, p. 5. Liv: *Quelques grandes étapes dans l'évolution de l'humanité.* Docteur Carltz. *Sciences Sociales 9ème Année Fondamantale.* Thème 1: Les sociétés humaines, seksyon E - La Deuxième Guerre mondiale (1939-1945), paj 26.
Dwa Moun	Dwa moun ak reyalite (40 minit) paj 81	Kourikoulòm leta: Comprendre les cause de la 2e guerre mondiale et ses conséquences sur le monde, curriculum p. 4**.** Liv: *Quelques grandes étapes dans l'évolution de l'humanité.* Docteur Carltz. *Sciences Sociales 9ème Année Fondamantale.* Thème 1: Les sociétés humaines, F - Le monde à partir de 1960. La création de l'ONU en 1945, p. 29.

Tèm	Sesyon, lè ak paj	Referans nan kourikoulòm /liv
Balans pouvwa	Kijan nou kapab ekilibre pouvwa nou? (45 minit) paj 85	Kourikoulòm leta: : Comprendre quelques problèmes géographiques fondamentaux de la mise en valeur du globe, curriculum, p. 7. Liv: *Quelques grandes étapes dans l'évolution de l'humanité.* Docteur Carltz. *Sciences Sociales 9ème Année Fondamantale.* Thème IV: les déséquilibres de la mise en valeur du globe, fen modil B "le problème des inégalités" p. 72.
Balans pouvwa	Kwè nan balans pouvwa (30 minit) paj 88	Kourikoulòm leta: Comprendre les bases socioculturelles et les changements à y apporter pour une culture haitienne integéee et ouverte au monde contemporain, curriculum, paj 10. Liv: *Quelques grandes étapes dans l'évolution de l'humanité.* Docteur Carltz. *Sciences Sociales 9ème Année Fondamantale.* Thème VII, Société et Culture, paj 121.

Tèm: Pouvwa

Pouvwa, privilèj, egalite[8] (30 minit)

Objektif:

- Reflechi, diskite sou reyalite pouvwa anndan sosyete a.
- Idantifye rapò ki genyen ant pouvwa avèk privilèj, diskriminasyon ak dominasyon.
- Pèmèt elèv yo reflechi sou reyalite pouvwa nan pwòp lavi pa yo.

Preparasyon pwofesè a bezwen fè:

- Fè yon chema sou tablo a ak 2 kolòn. Premye a ki gen tit "pi gwo pouvwa/privilèj" sou li, epi lòt la ki gen tit "pi piti pouvwa/ privilèj" sou li.

Pwopozisyon fason pou ou soti nan liv la pou ou antre nan tèm nan:

Esplike : *"Lè nou pale sou konfli ant moun ki gen privilèj ak moun ki pa gen privilèj, oubyen mèt ak esklav, n ap pale sou konfli ant moun ki gen pouvwa ak moun ki pa gen pouvwa. An nou gade ansanm kiyès ki gen pouvwa ak privilèj nan sosyete pa nou an, epi kijan nou kapab travay pou nou balanse pouvwa egalego ant gwoup moun ki genyen pouvwa ak gwoup moun ki manke pouvwa, pou sosyete a kapab ekilibre, pou tout moun kapab jwi dwa yo kòm moun."*

Egzèsis:

1) Esplike: *"N ap brase lide sou kesyon pouvwa, privilèj ak egalite nan lavi nou epi nan sosyete a jodi a. N ap kòmanse ranpli chema sa a ak gwoup nou ka reflechi sou yo."*

2) Mande: *"Pa egzanp, ant moun rich ak moun pòv, kiyès n ap mete nan kolòn ki gen 'pi gwo pouvwa ak privilèj' epi kiyès n ap mete nan kolòn 'pi piti pouvwa ak privilèj'?"*

3) Mete repons elèv yo nan kolòn apwopriye yo.

4) Raple elèv yo n ap chwazi repons yo sou yon baz jeneral, menm si nou konnen gen kèk sitiyasyon patikilye kote yon moun pòv ka gen plis pouvwa pase yon moun rich nan yon moman. Lè sa rive, se yon eksepsyon, se pa konsa sa ye an jeneral nan sosyete a.

5) Kontinye liste gwoup epi mande elèv yo plase repons yo anba kolòn ki apwopriye a ("pi gwo pouvwa/privilèj" oubyen "pi piti pouvwa/ privilèj"):

   a. Gason/ fanm

   b. Chèf/ Travayè

   c. Depite/ Manm komite katye

   d. Moun andikape/ moun ki pa gen andikap

   e. Moun ki bèl/ moun sosyete a wè ki pa bèl

   f. Moun ki soti nan kominote riral/ moun lavil

   g. Moun ki konn li/ moun ki pa konn li

   h. Elatriye.

6) Esplike: "*Se pa di n ap di se yon bon bagay lè sosyete a bay yon gwoup privilèj ak pouvwa sou yon lòt, paske nou konnen sa kapab kreye anpil pwoblèm ak soufrans. Men, n ap gade reyalite a jounen jodi a.*"

7) Mande: "*An nou gade lis nou te fè pou gwoup moun ki genyen pi* **gwo** *pouvwa/ privilèj.*"

   a. "Èske nou chak kapab wè tèt nou nan youn nan gwoup ki nan kolòn 'pi gwo pouvwa/ privilèj'?"

   b. "Èske sosyete a bay gwoup sa a plis pouvwa tout bon? Bay kèk egzanp."

8) Mande 1-2 elèv ki santi yo alèz pou esplike yon eksperyans yo te fè ki montre pi gwo pouvwa yo te genyen akòz yo se manm youn nan gwoup sa yo.

9) Mande: *"An nou gade lis nou te fè pou gwoup moun ki genyen pi* **piti** *pouvwa/ privilèj."*

   a. "Èske nou chak kapab wè tèt nou nan youn nan gwoup ki nan kolòn 'pi piti pouvwa/ privilèj'?"

   b. "Èske sosyete a bay gwoup sa a mwens pouvwa tout bon? Bay kèk egzanp."

10) Mande youn oubyen 2 elèv ki santi yo alèz pou esplike yon eksperyans yo te fè ki montre pi piti pouvwa yo te genyen **akòz yo se manm youn nan gwoup sa yo.**

11) Mande:

   a. *"Èske se tout privilèj yon moun genyen se li menm ki travay pou li? Poukisa wi oubyen poukisa non?"*

   b. *"Èske moun ki pa gen pouvwa se paske yo pa t travay pou sa? Poukisa wi oubyen poukisa non?"*

   c. *"Èske pifò nan nou deja fè tou 2 eksperyans sa yo: sitiyasyon kote nou genyen plis pouvwa/ privilèj ak sitiyasyon kote nou genyen mwens pouvwa/ privilèj?"*

   d. *"Kijan yon moun kapab santi li lè li nan sitiyasyon kote li manke pouvwa?"*

   e. *"An nou panse sou konsèp egalite. An nou pran egzanp premyè gwoup ki sou lis yo: moun rich ak moun pòv. Si nou di "Egalite ant moun rich ak moun pòv vle di…" Kijan nou ta konplete fraz sa a? "*

   f. *"Kiyès ki kapab konplete fraz sa a: 'Egalite ant fanm ak gason vle di…'? "*

12) Esplike: *"Deklarasyon Inivèsèl Dwa Moun pwoklame egalite nan diyite ak nan dwa. Premyè atik la di konsa: 'Tout moun fèt lib, e yo egalego nan diyite ak nan dwa. Yo gen kapasite pou yo reflechi, pou yo pran konsyans, epitou yo dwe viv youn ak lòt tankou frè ak sè.'"*

13) Si gen tan, mande: *"Kijan moun ta oblije sèvi ak pouvwa yo pou tout moun kapab jwi dwa yo genyen?" NB: Si pa gen tan, mande elèv yo ekri kèk paragraf sou kesyon sa a (Kijan moun ta oblije…) kòm devwa nan kay.*

14) Rezime sesyon an:

   a. *"Nou wè gen gwoup moun sosyete a bay plis pouvwa ak privilèj pase lòt."*

   b. *"Lè yon gwoup moun gen pouvwa pase lòt, li mennen nan diskriminasyon, dominasyon ak vyolans."*

   c. *"Tout moun ta sipoze genyen menm dwa. Pou sa kapab rive, nou tout bezwen rekonèt lè nou genyen yon privilèj ki pa jis, epi eseye eklibre pouvwa nou youn ak lòt."*

Enfòmasyon pou elèv yo kenbe nan tèt yo apre sesyon an :

Lè nou pale sou konfli ant moun ki gen privilèj ak moun ki pa gen privilèj, n ap pale sou konfli ant moun ki gen pouvwa ak moun ki manke pouvwa. Pou yon sosyete mache byen, tout moun sipoze genyen menm kalite dwa. Pou yon koup byen fonksyone epi kreye yon bon jan fanmi, gason ak fanm nan dwe genyen menm pouvwa.

Evalyasyon elèv :

Pwofesè a kapab deside kijan l ap fè evalyasyon elèv yo tankou, kòm devwa nan kay, nan tès nan fen chapit la, oubyen nan estil oral nan fen kou a, elatriye.

- Fè lis 3 gwoup moun ki jwi pi gwo privilèj/ pouvwa nan sosyete pa nou jodi a.
- Fè lis 3 gwoup moun ki genyen pi piti privilèj/ pouvwa nan sosyete pa nou jodi a.
- Ekri 1-2 paragraf pou esplike kijan yon gwoup ki manke pouvwa kapab santi li e kouman sa kapab mennen nan konfli.

Tèm: Pouvwa

Chwa nou fè ak pouvwa[2]
(45 minit)

Objektif:

- Fè analiz pou konnen si chak grenn moun kapab sèvi ak pouvwa li, jan lide l di l.
- Pèmèt elèv yo fè refleksyon sou fason yo sèvi ak pouvwa yo.

Preparasyon pwofesè a bezwen fè:

- Ekri sou tablo oubyen fè fotokopi dokiman "Kesyonè sou chwa nou fè ak pouvwa", ki parèt nan denyè pati sesyon an, apre *Evalyasyon elèv.*

Pwopozisyon fason pou ou soti nan liv la pou ou antre nan tèm nan:

Esplike : *"Doktrin Monroe tradwi dominasyon Etazini te vle genyen sou peyi latinoameriken yo. Lè n ap gade ki konsekans dominasyon sa a gen sou moun, li ta enpòtan pou nou regade ki chwa nou fè ak pouvwa. Li enpòtan pou nou gade kouman fason nou itilize pouvwa kapab mete moun nan sitiyasyon difisil."*

Egzèsis:

1) Esplike elèv yo: *"Egzèsis sa a genyen 2 pati ladan l: yon jwèt ak yon kesyonè pou chak moun reponn apa, pou pwòp tèt pa li. N ap kòmanse ak jwèt la. Se 2 moun k ap jwe, youn kont lòt. Jwèt la rele 'Wòch, Papye, Sizo,' e l ap ede nou reflechi sou pwòp chwa nou fè lè n ap sèvi ak pouvwa nou."*

2) Mande elèv yo pou yo vire bò moun ki kote yo.

3) Esplike jwèt la:

    a. *"Objektif jwèt la se sèvi ak pouvwa w sou tèt moun ki bò kote w la."*

    b. *"Nou pral fè fòm yon wòch, yon papye oswa yon sizo ak men nou."*

4) Montre pozisyon yo ak men w etan w ap esplike yo:

   1) mare pwen w pou fè WÒCH la

   2) mete men w a pla, nan pozisyon orizontal, pou fè PAPYE a

   3) ak 2 dwèt ou lonje ann avan, tou louvri, pou fè SIZO a

5) Esplike:

   a. *"Chak nan pozisyon sa yo gen pouvwa sou yon lòt, e li gen yon lòt ki gen pouvwa sou li. Wòch la kapab kraze sizo a, sizo a kapab koupe papye a, epi papye a kapab kouvri wòch la.*

   b. *"Mwen pral di: "wòch - papye - sizo, jwe!" Egzakteman sou "jwe!" a, nou dwe fòme youn nan 3 objè sa yo ak men nou. Se pou tou 2 jwè yo montre yon objè ak men yo an menm tan, lè m ap di "jwe!"*



   c. *"Objè chak moun chwazi ap detèmine kilès ki gen pouvwa sou lòt la, epi se moun sa a ki genyen. Si nou tou de chwazi menm objè a, nou gen menm pouvwa, lè sa a, pèsonn pa genyen. Si nou fè fòm yon bagay ki pa ni wòch, ni papye, ni sizo, se lòt jwè a ki genyen. Wòch genyen sou sizo, sizo genyen sou papye, papye genyen sou wòch."*

   d. *"Nou pral jwe plizyè fwa, pandan 3 minit. Se pou nou konte pwen nou, epi eseye genyen plis pase lòt jwè a."*

6) Asire w tout moun byen konprann jwèt la. Jwe li yon fwa devan tout moun ak yon elèv ki konprann jwèt la, si gen bezwen. Si gen pwoblèm pou fè jès la alafwa, fè elèv yo fèmen je yo pandan ou di "wòch, papye, sizo" epi fè yo ouvri je yo sèlman pou wè kiyès ki genyen.

7) Jwe jwèt sa a pandan 3 minit.

8) Brase lide:

   a. *"Nan jwèt sa a, èske yon moun toujou gen pouvwa sou lòt moun nan?"* (Non, sa depann de objè nou chak nou te chwazi. Tou 2 moun yo te gen menm chans.)

   b. *"Èske yon fi ak yon gason sèvi ak pouvwa yo menm jan?"* (Non, an jeneral fi gen mwens posibilite pou yo itilize pouvwa yo.)

   c. *"Èske lè yon moun fèt kòm fi sa vle di li pi fasil pou li santi li manke pouvwa?"* (Menm si tout moun – ni fi ni gason – ap fè eksperyans nan lavi yo kote yo manke pouvwa, pifò fi pataje eksperyans kote yo manke pouvwa, paske nan pifò kominote, gason gen plis pouvwa pase fi, an jeneral.)

   d. *"Ki lòt kalte bagay ki ka chanje eksperyans nou gen ak pouvwa?"* (egzanp: rich oswa pòv, nivo edikasyon, lang ou pale byen, koulè po, elatriye.)

   e. *"Ki peyi Doktrin Monroe te bay pouvwa?"* (Etazini)

   f. *"Nan ki peyi Doktrin Monroe te retire pouvwa?"* (Amerik Latin)

   g. *"Èske se nou ki chwazi fason pou nou jere pouvwa nou?* (Nou tout nou gen pouvwa, e nou kapab jere pouvwa ki anndan nou an.)

   h. *"Èske nou panse avèk kou sa a, se pran n ap pran pouvwa nan men gason pou bay fanm?"* (Non, menm jan ak nan jwèt la, n ap chèche enfliyanse abitid ak valè ki genyen nan kominote a, yon fason pou fanm ak gason genyen menm pouvwa.)

9) Esplike: *"Nou sot wè jan tout moun genyen pouvwa anndan yo, e yo kapab sèvi ak pouvwa sa a swa yon fason pozitif, swa yon fason negatif. Men anpil fwa nou pa konsyan sou fason nou sèvi ak pouvwa nou. Pwochen egzèsis la pral ede nou reflechi sou fason nou konn sèvi ak pouvwa nou."*

10) Distribye fotokopi dokiman " Kesyonè sou chwa nou fè ak pouvwa" ou te fè yo.

11) Esplike: *"Mwen pral li chak deklarasyon pou tout moun tande, epi m ap ban nou yon ti tan pou nou reflechi sou deklarasyon an. Apre sa, nou pral mete yon kwa nan kolòn nou chwazi pou deklarasyon sa a, anba youn nan tit yo: "Sa rive m souvan" "Sa konn rive m pafwa, men*

raman" "Sa pa konn rive m ditou". Sa se yon egzèsis pou chak moun fè pou kont yo, pou pèmèt yo reflechi sou pwòp tèt pa yo. Yo p ap ni ranmase li, ni pataje li ak lòt moun, kidonk nou gen enterè reponn onètman, san bay tèt nou manti."

12) Asire w tout moun byen konprann egzèsis la, epi kòmanse.

13) Poze kesyon sou egzèsis la konsa:

   a. *"Kijan sa te ye pou ou, lè ou t ap reponn kesyon yo?"*

   b. *"Kisa ki te difisil?"*

   c. *"Kisa repons ou yo aprann ou sou pwòp tèt ou?"*

   d. *"Kisa sa fè nou konnen sou fason anpil nan nou sèvi ak pouvwa nou ?"*

   e. *"Lè nou sèvi ak pouvwa nou sou lòt moun, èske nou santi nou byen nan sa?"*

   f. *"Èske li fasil pou nou trete tout moun menm jan, toutan? Si wi, poukisa? Si non, poukisa?"*

14) 14.Fè rezime sesyon an konsa:

   a. *"Genyen plizyè tip pouvwa. Nou tout genyen pouvwa ki anndan nou. Nou kapab mal sèvi ak pouvwa nou sou lòt moun. Nou kapab byen sèvi ak pouvwa nou ansanm avèk lòt moun. Epitou, nou kapab mete tèt ansanm pou sèvi ak pouvwa pou nou kore moun pou byennèt tout kominote a."*

   b. *"Tout moun gen pouvwa. Nou kapab sèvi ak pouvwa nou swa yon fason pozitif swa yon fason negatif."*

   c. *"Depandamman si nou se fi, oswa gason, sa enfliyanse kantite pouvwa nou santi nou genyen nan relasyon entim nou, nan fanmi nou, epi nan kominote a."*

15) Opsyon: Rezime siplemantè:

   a. *"Nou dwe travay sou pwòp tèt nou yon fason pou nou byen sèvi ak pouvwa nou."*

   b. *"Nan listwa, nou kapab wè anpil egzanp kote moun te mal sèvi ak pouvwa yo pou retire pouvwa nan men lòt moun, oubyen kote moun te byen sèvi ak pouvwa yo pou ede lòt moun jwenn pouvwa pa yo."*

Enfòmasyon pou elèv yo kenbe nan tèt yo apre sesyon an :

Chak moun dwe travay sou pwòp tèt li pou li byen sèvi ak pouvwa li. Genyen anpil egzanp kote moun te mal sèvi ak pouvwa yo pou retire pouvwa lòt moun, oubyen kote moun te byen sèvi ak pouvwa yo pou ede lòt moun jwenn pouvwa pa yo. Se lè moun ede lòt jwenn pouvwa yo tou de pati yo ak kominote jwenn bon jan avntaj.

Evalyasyon elèv:

Pwofesè a kapab deside kijan l ap fè evalyasyon elèv yo tankou, kòm devwa nan kay, nan tès nan fen chapit la, oubyen nan estil oral nan fen kou a, elatriye.

- Èske dapre Doktrin Monroe a, Etazini te sèvi ak pouvwa yo nan fason pozitif oubyen nan fason negatif? Esplike repons ou an nan de oubyen 2-3 fraz.
- Bay 2 egzanp kote ou te byen sèvi ak pouvwa ou nan lavi pa w, epi 1 egzanp kote ou ta renmen pou ou te sèvi ak pouvwa ou yon fason ki pi pozitif.

Kesyonè sou Chwa nou Fè ak Pouvwa

FOTOKOPI

No.	Deklarasyon	Sa rive m souvan	Sa konn rive m pafwa, men raman	Sa pa konn rive m ditou
1.	Mwen rele sou moun nan fanmi mwen.			
2.	Mwen panse mwen gen plis valè pase lòt timoun.			
3.	Mwen rele sou timoun ki pi piti pase m lè yo pa swiv lòd mwen.			
4.	Mwen bay chen, chat ak lòt bèt kout pye, oubyen mwen bat yo.			
5.	Mwen kale timoun ki pi piti lè yo pa koute m.			
6.	Mwen pa mande eskiz lè mwen an tò, mwen tann se yo ki mache sou mwen.			
7.	Mwen konn mete ansanm ak zanmi mwen pou nou bay lòt timoun brimad.			
8.	Mwen pa pale ak timoun ki pi ba pase m.			
9.	Lè mwen pa santi m alèz, mwen rele sou moun.			
10.	Mwen fasil pou m di yon moun (mantè, sòt, lèd, elatriye...).			

NB : Fèy sa a se yon adaptasyon apati materyèl SASA! ki fèt ak otorizasyon Raising Voices. Michau, L., Siebert, S. & Dessables, J.L. (2014). SASA! *Yon Gid Aktivis pou Anpeche Vyolans sou Fanm epi VIH/SIDA*. Dépôt légal 11-02-088. Port-au-Prince, qui est une adaptation de Raising Voices (2008). SASA! *An Activist Kit for Preventing Violence against Women and HIV.* Kampala: Raising Voices.

Tèm: Blam Viktim

Blam viktim (45 minit)

Objektif sesyon an:

- Reflechi sou konsèp blam viktim epi dekouvri dega li fè.

Preparasyon pwofesè a bezwen fè:

- Kopye "Istwa yon gwo rivyè ki genyen anpil kayiman" sou tablo a pou tout gwoup yo kapab wè l. Kite ase espas sou tablo a pou 4 oubyen 5 gwoup ka ekri klasifikasyon pa yo.

Pwopozisyon fason pou ou soti nan liv la pou ou antre nan tèm nan:

Esplike : *"Apre premyè gè mondyal, kondisyon peyi Ewòp yo, sitou Almay te difisil anpil. Hitler te pwofite soufrans pèp la, epi li sèvi ak pouvwa li pou konvenk moun ras Almay te pi bon pase tout lòt ras, epi pou blame Jwif yo pou tout pwoblèm yo te genyen. Kòm Jwif yo pa te gen anpil pouvwa nan sosyete a, Hitler te konvenk anpil moun pou yo touye pèp Jwif la ak lide pou yo rezoud pwoblèm sosyal ak ekonomik peyi Almay. Rejim Hitler a te touye plis pase 6 milyon Jwif, timoun ladan, pandan dezyèm gè mondyal la. Sa se yon egzanp ekstrèm nan listwa kote Hitler te blame moun ki pa te gen pouvwa pou yon sitiyasyon difisil. Yo konn rele sa 'blam viktim' e anpil-anpil moun te aji nan sans Hitler, sa vle di yo te repete e yo te fè sa gouvènman li a te vle. An nou pale sou sa."*

Egzèsis:

1) Esplike: "*Se fasil pou nou jije pèp Almay pou sa li te fè Jwif yo nan dezyèm gè mondyal. Pa gen anyen ki ka montre nou Hitler ak akolit li yo te gen rezon fè zak sa yo sou pèp Jwif la. Men jijman an sèlman p ap ede nou dekouvri sa ki mennen yon pèp touye yon lòt. An nou reflechi onètman sou panse pa nou yo, pou nou dekouvri rasin jenosid kont Jwif yo, epi gade kijan nan sosyete pa nou, moun konn swiv move kouran lè gen 'blam viktim'.*"

2) Mande: "*Kisa ki kapab fè yon gwoup moun rayi yon lòt gwoup moun?*"

NB: Di sa yo si elèv yo pa di yo: Kèk fwa moun blame lòt gwoup moun paske nou kwè se yo ki lakòz nou soufri. Oubyen nou blame lòt gwoup moun paske nou manke devlope relasyon ak yo epi nou pa konnen yo. Oubyen nou pa aksepte diferans kiltirèl ki genyen nan mitan nou kòm 2 gwoup diferan, elatriye.

3) Mande: *"Lè yon move bagay rive, kiyès moun konn blame pi fasil: moun ki te gen pouvwa pou yo chanje sitiyasyon an, oubyen moun ki te manke pouvwa?"*

NB: Eseye fè soti: moun pi fasil blame moun ki te manke pouvwa a, paske nou santi nou kapab fè sa. Nou pa di sa moun ki gen pouvwa a fè, men nou di sa yon moun ki te manke pouvwa a fè. Bay egzanp si gen bezwen, tankou yon moun ki soti legliz byen ta epi yon moun kenbe l vòlè mont li, epi lòt moun di "se li k chèche l". Se volè a ki te gen pouvwa, men se moun ki viktim vòl la yo blame.

4) An nou gade yon istwa epi reflechi sou kiyès ki pote plis reskonsabilite pou yon move bagay ki rive ladan li.

5) Mande yon elèv li "*Istwa yon gwo rivyè ki genyen anpil kayiman*" pou tout moun tande. Asire yo konprann istwa a.

6) Divize klas la an gwoup 4 oubyen 5 moun.

7) Esplike: "*Gwoup yo genyen 10 minit pou yo travay. Chak gwoup ap analize wòl 5 Aktè yo nan istwa a: Joslin, Jonas, Moyiz, Natacha ak Sandy. Chak gwoup ap klase Aktè yo dapre wòl yo jwe nan listwa a, pou soti nan sa ki gen plis reskonsabilite nan sa ki te pase a rive sou sa ki genyen pi piti reskonsabilite. Gen 2 règ nan aktivite sa a: nou oblije klase tout wòl yo, san nou pa mete 2 nan menm nivo, epi nou oblije mete tèt ansanm antanke gwoup pou nou vin dakò ak lòd nou klase Aktè yo."*

8) Asire tout elèv yo konprann.

9) Apre 10 minit, rele gwoup yo ansanm epi mande chak gwoup bay lòd li te klase Aktè yo.

10) Esplike: *"Pa gen repons ki pi bon pase lòt. Sa ki esansyèl pou nou, se reflechi sou repons yo epi gade pwòp tèt pa nou atravè jijman nou."*

11) Gade rezilta chak gwoup epi fè ti kòmantè kout sou sa ki sanble oubyen diferan nan repons gwoup yo. (Egzanp: M wè gen divès opinyon sou ki kote pou mete Sandy ak Jonas, elatriye)

12) Mande chak gwoup pou bay kòmantè brèf (2 minit pou pi plis) sou ki Aktè yo te gen plis difikilte pou klase, epi poukisa.

13) Mande: *"Èske Moyiz te fè kadejak sou Joslin? Kijan nou konnen sa?"*

14) Esplike: *"Si se san konsantman li, oubyen san li pa te dakò, sa se kadejak."*

15) Mande: *"Kijan sa ta chanje lòd ou klase Aktè yo si ou te konnen Natacha te sibi kadejak tou? Si ou te konnen Jonas te sibi kadejak tou lè li te timoun?"*

16) Esplike: *"Kèk fwa moun anvi blame Natacha oubyen Jonas pi plis si yo te sibi kadejak tou paske yo di, mesye dam yo ta sipoze konnen sa Joslin t ap viv. Kèk lòt fwa li fè moun di nou pa ka blame yo paske yo te twomatize (boulvèse) epi yo pa t santi yo kapab ede paske doulè pa yo te twòp pou yo."*

17) Mande : *"Kijan ou te santi w lè Joslin t ap ri nan fen istwa a? Èske sa te fè gwoup ou a chanje lòd klasman li a?"*

18) Esplike : *"Li enpòtan pou nou sonje gen divès rezon ki fè Joslin te ri nan moman an. Poukisa yon moun kapab ri, menm si li pa kontan?"*

19) Mande : *"Èske tout bon se fason Joslin te abiye a ki fè Moyiz te fè kadejak sou li? Èske Moyiz pa te gen okenn chwa sou jan pou l sèvi ak pouvwa li?"*

20) Esplike : *"Èske Joslin te konnen Moyiz te yon kadejakè anvan li te monte bak la? Èske nou kapab konnen sa ki gen pou rive?"*

21) Pa gen repons ki kòrèk oubyen pa kòrèk nan lòd nou mete Aktè yo. Li enpòtan pou wè nou chak gen jijman nou fè, ak blam nou mete, lè gen sitiyasyon ki difisil. Li enpòtan pou nou chak rekonèt jijman pa nou yo pou nou pa fè dega ak yo oubyen bay moun plis pwoblèm.

22) Ekri yon liy vètikal sou tablo a. Ekri "te sipoze fè" yon bò, epi "pa te sipoze fè" yon lòt bò.

23) Esplike: *"Anpil moun di konsa: Joslin pa te sipoze ri lè Sandy te bat Jonas. Ki lòt bagay moun ta di Joslin te sipoze fè oubyen pa te sipoze fè pou evite kadejak la. Menm si ou menm ou pa dakò ak sa ki di, kisa lòt moun ka di Joslin te sipoze fè oubyen pa fè?"*

24) Fè lis tout repons elèv yo sou tablo a jiskaske lis la long. Egzanp: Te sipoze mande yon moun ale avè l, te sipoze konstwi yon bato, pa te sipoze ale ak Moyiz, elatriye.

25) Apre kèk minit, esplike nou te ka kontinye, men lis la ase long pou ba nou yon lide. Li tout repons elèv yo te bay. L ap yon ti jan ridikil.

26) Esplike:

   a. *"Gen kèk nan sijesyon nou mete yo ki kapab valab pou nou fè, pou nou santi nou pi an sekirite, men se pa devwa nou pou fè tout."*

   b. *"Li pa posib pou nou konnen davans tout sa ki pral rive nou, epi nou oblije fè youn lòt konfyans kèk fwa."*

   c. *"Menm si Joslin te swiv tout lis nou fè pou li a, Moyiz te ka soti nan bak la epi jwenn yon okazyon pou fè kadejak sou li. Pa gen okenn pwomès sekirite kont kadejak toutotan li*

egziste nan lemonn. Sèl moun ki kapab anpeche kadejak 100% se moun ak pouvwa nan sitiyasyon an - Moyiz te kapab deside pa fè kadejak, epi sa ta anpeche kadejak la 100%."

d. *"Chak manm kominotè kapab kontribye tou nan anpeche kadejak lè nou refize aksepte konpòtman Moyiz."*

e. *"Lè nou bay Joslin reskonsabilite pou kadejak li soufri, sa gen anpil konsekans negatif, epi li pa ka anpeche kadejak vre, paske se pa te Joslin ki te gen pouvwa nan sitiyasyon an."*

f. *"Lè nou di se yon viktim ki reskonsab sa li sibi, se blam viktim sa ye."*

27) Mande: *"Poukisa moun anvi blame viktim nan yon sitiyasyon difisil?"*

28) Mande: "*Ki dega sa fè lè se viktim nan nou blame?*" (Li ka pè mache, li kapab anvi touye tèt li, sa kapab fè lòt moun pa denonse zak la, sa kapab ankouraje plis vyolans, sa kapab fè moun kontinye fè abi paske pa gen moun ki kondane yo pou sa, elatriye)

29) Rezime sesyon an konsa : "*Anpil moun souvan blame viktim lè yo nan sitiyasyon difisil. Sa pa vle di yo ta fè sa si yo te anfas yon sitiyasyon ekstrèm tankou jan Hitler te aji pandan dezyèm gè mondyal. Men li enpòtan kan menm pou nou gade tandans nou genyen pou nou blame moun ki pa gen pouvwa pou sa k rive yo, paske sa ede nou evite fè dega jounen jodi a. Epitou li ede nou konprann listwa."*

Enfòmasyon pou elèv yo kenbe nan tèt yo apre sesyon an :

Yon moun ki sibi yon zak bezwen sipò lòt moun. Li pa bezwen blam. Okontrè blam nan ogmante soufrans li e li ka pèmèt plis lòt moun sibi menm zak la.

Evalyasyon elèv:

Pwofesè a kapab deside kijan l ap fè evalyasyon elèv yo tankou, kòm devwa nan kay, nan tès nan fen chapit la, oubyen nan estil oral nan fen kou a, elatriye.

- Lè nou blame yon moun ki sibi vyolans ak abi pouvwa, ki konsekans sa ka genyen?
- Ki premyè moun ki te ka anpeche sa ki rive Joslin nan?

FOTOKOPI

Istwa yon gwo rivyè ki genyen anpil kayiman[9]

Joslin te renmen avèk yon ti jenòm ki rele Jonas. Yo pa te rete sou menm bò rivyè a. Yo chak te sou bò pa yo e rivyè a te genyen anpil kayiman ladan li. Joslin te vle ale wè Jonas, li mete yon mini-jip ak yon ti kòsay dekòlte pou li fè Jonas plezi. Men malerezman dlo te desann, pasrèl ki te sou rivyè a ale.

Joslin te oblije ale mande Moyiz, yon pasè ki genyen yon bak, pou travèse li rivyè a. Moyiz te dakò, men lè Joslin santi Moyiz ap gade li yon jan dwòl, Joslin pa vle pran chans travèse nan bak la ak Moyiz. Joslin te ale bò kote zanmi li Natacha pou li esplike li sitiyasyon an. Natacha pa te vle antre nan koze a. Joslin te sipliye li men li te rete sou pozisyon li. Li te di li pa kapab fè anyen pou Joslin nan sitiyasyon sa a. Joslin santi sèl solisyon li te genyen, se travèse nan bak Moyiz la menm lè li pa fè misye konfyans.

Apre Moyiz fin deplase bak la, rive nan mitan dlo a, li di Joslin li anvi li, fòk li fè bagay avè l. Joslin di li pa dakò. Moyiz menase Joslin li ap lage li bay kayiman yo nan dlo a si li pa aksepte. E li fè li konnen si li dakò li ap travèse li rivyè a san pwoblèm. Lè Joslin tande sa, li pa fè fòs. Lè Moyiz fini, li depoze Joslin sou lòt bò rivyè a, bò kote Jonas rete a.

Joslin rakonte Jonas sa ki te rive li. Jonas di se Joslin ki te lakòz sa rive paske li te fè "vyolans sou lèy Moyiz" akòz fason li te abiye. Jonas te vin santi Joslin pa diy pou rete bò kote li, li te meprize tifi a, li te imilye li. Joslin ki konnen se Jonas li te vle fè plezi nan fason li te abiye a te estomake pou jan Jonas fè li wont. Joslin ale rakonte Sandy, yon bon zanmi li ki se karateka, sa ki te pase li ak mennaj li. Sandy antre nan pitye pou Joslin. Sandy kenbe Jonas li bat li byen bat, li mete anpil pat tomat nan bouch Jonas. Joslin te byen kontan wè Jonas peye sa li te fè. "Sandy te fè Jonas konnen kèske le frekan?"

Lè solèy la t ap kouche, ou te kapab tande vwa Joslin ki t ap ri.



Tèm: Dwa Moun

Dwa moun ak reyalite[2]

(40 minit)

Objektif:

- Montre fanm ak gason pa toujou fè menm eksperyans nan zafè dwa moun.
- Chèche dekouvri konsekans enjistis.

Preparasyon pwofèsè a bezwen fè:

- Fè fotokopi dokiman "Kesyonè sou dwa moun ak reyalite" ki parèt nan denyè pati sesyon an, apre Evalyasyon elèv. Distribiye l bay chak elèv, oubyen kopye li sou tablo a pou elèv yo kapab kopye li epi fè l anndan kaye yo.
- Kite ase espas sou tablo a pou ou ekri.

Pwopozisyon fason pou ou soti nan liv la pou ou antre nan tèm nan:

Esplike : "*Apre 2zyèm gè mondyal, lemonn te koumanse gade sa ki te pase ak jenosid kont Jwif yo an Almay epi gade liberasyon yon lòt fason. Plizyè nasyon te chita ansanm pou fè Deklarasyon Inivèsèl Dwa Moun, epi yo te kreye ONU (Nasyonzini). Jiska jodi a, dwa moun se yon tèm enpòtan pou nou gade, paske li eksplike tout moun se moun, epi tout moun fèt ak kèk dwa, sèlman paske yo se moun. Men jiska prezan, se pa tout moun ki jwi dwa yo menm jan.*"

Egzèsis:

1) Esplike: *"Nan egzèsis sa a, nou pral chèche dekouvri gwo eka ki genyen ant dwa moun ak reyalite a. Malgre konvansyon entènasyonal ak lalwa anpil peyi deklare tout moun gen menm dwa, tout moun pa rive jwi dwa yo genyen.*"
2) Remèt chak elèv yon kopi dokiman. "Kesyonè sou dwa moun ak reyalite" byen plwaye sou liy ki endike a. Asire w tout elèv mete Paj 1 an anlè. Mande yo pou yo pa vire fèy la sou lòt bò.
3) Li chak dwa moun yon jan pou tout moun tande, epi mande elèv yo pou yo mete yon kwa anba tit kolòn yo chwazi a (Dakò - Pa dakò - Pa fin sèten).

4) Asire w elèv yo konprann tout fraz yo.

5) Mande yo: *"Èske gen kèk dwa moun ki nan lis sa a ou pa dakò avè l, oswa ou pa fin sèten se yon dwa?" Brase lide sou sa.*

6) Asire w elèv yo konprann tout sa ki liste nan kesyonè a, se dwa tout moun genyen, dapre Deklarasyon Inivèsèl Dwa Moun nan. Men, sa pa vle di si ou deside fè bagay epi ak moun ou vle fè l la li pa vle, se vyole li vyole dwa w. Non, se dwa li pou l deside pou tèt li tou.

7) Esplike: *"Nou pral fòme ti gwoup piti pou nou ranpli 2yèm pati nan kesyonè sa a. Tou dabò, an nou gade travay la ansanm."*

8) Mande elèv yo pou yo vire kesyonè a sou Paj 2.

9) Esplike: *"Nan pati sa a nou pral gade kijan reyalite dwa moun yo ye nan kominote a, pou fanm e pou gason. Gen 2 gwo pati: youn pou gason nan kominote a, youn pou fanm nan kominote a. Chak pati divize an 3, menm jan sa te ye nan premye sa nou te fè sou Paj 1 an. Chak gwoup pral reflechi sou reyalite ki nan kominote y ap viv la. Pou chak liy nan kesyonè a, mete yon kwa nan kolòn nou chwazi pou gason nan kominote a, epi yon lòt kwa nan kolòn nou chwazi pou fanm nan kominote a, tankou: Dakò, Pa dakò, oswa Pa fin sèten. N ap genyen 5 minit pou nou fè travay sa a."*

10) Asire w tout moun byen konprann egzèsis la. Mande elèv yo: *"Tanpri fòme 10 ti gwoup piti; pou fè sa, konte sot nan 1 rive nan 10, jis tout moun jwenn yon nimewo, epi divize yo an gwoup dapre nimewo yo. Tann jis chak moun jwenn yon gwoup anvan nou kòmanse."*

11) Avèti elèv yo lè se yon minit ki rete sèlman.

12) Kanpe egzèsis la apre 5 minit fin pase.

13) Mande gwoup yo pou yo konte kantite kwa ki anba tit "wi" nan kolòn gason yo, epi make kantite a anba kolòn nan, kote ki prepare pou sa. Mande yo pou yo fè menm bagay ak kolòn fanm yo tou. Mande chak gwoup pou yo pataje total kantite yo jwenn ak lòt elèv yo.

14) Mande:

    a. *"Èske fanm jwenn mwens "wi" pase gason? Poukisa?"*

    b. *Èske nou panse sa jis, oswa li nòmal? Si wi, poukisa? Si non, poukisa?"*

15) Fè yon rezime konsa: *"Si nou kwè tout moun gen menm dwa fondamantal yo, men malgre sa, mwatye popilasyon an pa kapab jwi dwa sa yo, sa se yon enjistis. Enjistis sa a egziste paske sosyete a bay gason plis pouvwa pase fanm."*

16) Esplike: *"Ak moun ki bò kote w la, pran 5 minit pou brase lide sou konsekans enjistis sa a kapab genyen sou fanm, sou gason, sou timoun, sou fanmi, sou kominote, e sou sosyete a. Tanpri, ekri lide nou yo nan kaye nou."*

17) Avèti elèv yo lè se sèlman 1 minit ki rete.

18) Apre 5 minit fin pase, kanpe egzèsis la. Mande elèv yo pou yo pataje lide yo, epi fasilite yon brase lide sou pwen ki pi enpòtan yo.

19) Fè yon rezime konsa:

   a. *"Lè yo refize moun jwi dwa yo, sa rele enjistis. Enjistis gen konsekans sou tout moun nan yon kominote. Se yon enjistis lè yon moun, oswa yon gwoup moun pa kapab jwi dwa fondamantal yo. Lè yon gwoup moun toujou gen plis pouvwa pase yon lòt gwoup, se yon enjistis. Enjistis sa a, se rasin vyolans."*

   b. *"Li enpòtan pou nou sonje tout moun genyen yon seri dwa paske yo se moun, e tout moun sipoze gen menm posibilite pou jwi dwa sa yo. Lè nou ap swiv listwa, nou wè gen moun ak gwoup moun ki te konn mal sèvi ak pouvwa yo, sa lakòz gen kèk gwoup ki jwi dwa yo e lòt gwoup pa kapab. Sa se kòz anpil mouvman liberasyon nan lemonn."*

Enfòmasyon pou elèv yo kenbe nan tèt yo apre sesyon an :

"Si nou kwè tout moun gen menm dwa fondamantal yo, men malgre sa, fanm ki reprezante anviwon mwatye popilasyon an pa kapab jwi dwa sa yo, sa se yon enjistis. Enjistis sa a egziste paske sosyete a bay gason plis pouvwa pase fanm."

Evalyasyon elèv:

Pwofesè a kapab deside kijan l ap fè evalyasyon elèv yo tankou, kòm devwa nan kay, nan tès nan fen chapit la, oubyen nan estil oral nan fen kou a, elatriye.

- Bay 2 fason fanm ak tifi pa rive jwi dwa yo kòm moun menm jan gason ak ti gason jwi dwa pa yo.
- Ekri kèk fraz pou esplike poukisa se yon enjistis lè yon moun, oswa yon gwoup moun, pa kapab jwi dwa yo.

FOTOKOPI

Kesyonè Dwa Moun ak Reyalite

TANPRI PA DEPLWAYE FÈY SA A.
E PA VIRE L SOU LÒT BÒ TOUT OTAN FASILITATÈ PA MANDE NOU FÈ SA

Paj 1.

Tout granmoun gen dwa pou yo...	Dakò	Pa dakò	Pa fin sèten
1. Pran desizyon.			
2. Di sa yo panse.			
3. Fè lajan.			
4. Deside lè yo vle, oubyen yo pa vle fè bagay.			
5. Antre sòti lakay yo, san yo pa bezwen mande pèmisyon yon lòt moun.			
6. Gen bagay prive yo, ke lòt moun pa bezwen wè oswa konnen.			
7. Pran repo.			
8. Pran desizyon sou jan pou depanse lajan yo.			
9. Jwenn enfòmasyon ki egziste ki konsène yo.			
10. Jwenn sekirite.			
11. Jwenn lasante.			

Paj 2.

PLWAYE ISIT

Eske pi fò gason/fanm nan kominote a gen pouvwa, oswa posiblite pou yo.... ↓	Pi fò **gason** nan kominote a gen pouvwa, oswa posiblite pou yo...			Pi fò **Fanm** nan kominote a gen pouvwa, oswa posiblite pou yo...		
	Wi	Non	Pa sèten	Wi	Non	Pa sèten
1. Pran desizyon.						
2. Di sa yo panse.						
3. Fè lajan.						
4. Pran desizyon sou jan pou depanse lajan yo.						
5. Pran desizyon nan kesyon fè bagay.						
6. Antre sòti lakay yo, san yo pa oblije mande pèmisyon yon lòt moun.						
7. Gen bagay prive yo lòt moun pa oblije wè oswa konnen.						
8. Jwenn respè.						
9. Pran repo.						
10. Jwenn enfòmasyon ki egziste ki konsène yo.						
11. Viv san yo pa nan laperèz.						
12. Pwoteje tèt yo kont VIH/SIDA.						
TOTAL KANTITE KWA						

Fèy sa a se yon adaptasyon apati materyèl SASA! ki fèt ak otorizasyon Raising Voices. Michau, L., Siebert, S. & Dessables, J.L. (2014). SASA! *Yon Gid Aktivis pou Anpeche Vyolans sou Fanm epi VIH/SIDA*. Dépôt légal 11-02-088. Port-au-Prince, qui est une adaptation de Raising Voices (2008).

Tèm: Balans Pouvwa

Kijan nou kapab ekilibre pouvwa nou? (45 minit)

Objektif:

- Reflechi sou sa yon bon relasyon ye ak kisa sa vle di: "pouvwa moun yo byen ekilibre".
- Esplike kijan yon relasyon kote pouvwa byen balanse ant 2 moun nan yon koup kapab sèvi bon modèl pou yon kominote k ap eseye ekilibre pouvwa yo.

Preparasyon pwofèsè a bezwen fè:

- Pa genyen preparasyon pou sesyon sa a, sèlman ou bezwen byen metrize sesyon an epi deside fason pou fè evalyasyon elèv yo.

Pwopozisyon fason pou ou soti nan liv la pou ou antre nan tèm nan:

Esplike : *"Lè nou byen gade fason pifò peyi ap fonksyone, nou wè gen gwo dezekilib nan fason moun nan peyi sa yo ap viv. Gen kèk moun k ap byen viv ak anpil gwo fòtin nan men yo pandan lòt moun ap kwoupi nan lamizè. Epitou, nou wè dezekilib ant peyi ki devlope yo ak peyi ki poko devlope yo tou. Jodi a nou pral pale sou fason moun ak gwoup moun kapab byen balanse oubyen ekilibre pouvwa yo pou yon pi bon rezilta. Nou kapab wè fason pou nou fè sa pi klè lè nou pale sou relasyon moun ak moun dabò, tankou relasyon ant de moun nan yon koup. Si nou konprann kijan yon bon relasyon koup ye, ak pouvwa 2 moun yo byen ekilibre, nou kapab koumanse wè kijan yon bon relasyon ekilibre ye ant gwoup moun tou, oubyen ant 2 sosyete."*

Egzèsis:

1) Esplike: *"Lè gen fòs kote oubyen dominasyon anndan yon relasyon koup, nou rele sa "dezekilib pouvwa". Dezekilib pouvwa sa a gen anpil move konsekans sou koup la tankou vyolans, maladi ak lòt pwoblèm. Lè gen bon relasyon byen balanse ant 2 moun nan yon koup, gen anpil avantaj tankou kè kontan, bon jesyon lajan fwaye a, elatriye."*

2) Divize klas la an 2 gwoup.

3) Esplike: *"Gwoup 1 ap fè yon ti teyat pou montre move konsekans relasyon koup ki gen fòs kote. Gwoup 2 ap fè yon ti teyat pou montre avantaj nan relasyon koup ak pouvwa byen ekilibre. Gwoup yo genyen 10 minit pou kreye yon ti teyat pou montre tout klas la li. Espektak teyat la ap dire sèlman 5 minit pou chak gwoup. Fòk gwoup yo eseye fè tout moun patisipe nan teyat la."*

4) Reponn kesyon si genyen.

5) Apre 10 minit, mande gwoup yo tounen epi prezante teyat pa yo. Fè gwoup 1 prezante, epi apre sa gwoup 2.

6) Remèsye gwoup yo.

7) Mande:

- *"Kisa 'ekilib' vle di?"*
- *"Ki kalte vyolans ak dominasyon nou te wè nan premyè ti teyat la kote moun yo pa t gen menm kantite pouvwa?"*
- *"Èske nou kwè li posib pou de moun nan yon koup byen balanse pouvwa yo menm jan Gwoup 2 te montre sa nan teyat pa yo?"*
- *"Poukisa li enpòtan pou de moun nan yon koup byen balanse pouvwa yo epi evite dominasyon youn sou lòt?"*

8) Mande: *"Si nou gade relasyon ant 2 peyi, ki egzanp nou kapab bay pou montre konsekans lè pouvwa pa byen ekilibre epi avantaj lè gen bon balans pouvwa?"*

9) Rezime:

- "Gen anpil moun nan anpil peyi k ap soufri anpil akoz dominasyon yon ti gwoup ki sèvi ak mwayen yo pou itilize pouvwa yo sou tèt pifò moun nan sosyete sa yo."
- "Nou wè konsekans dezekilib pouvwa. Men nou konnen pouvwa byen ekilibre posib. Lè nou gade relasyon moun ak moun, epi pran egzanp yon koup, nou wè avantaj sa genyen lè nou ekilibre pouvwa nou youn ak lòt."
- "Nou chak gen pouvwa. Nou kapab fè pratik nan lavi nou sou fason pou kreye bon relasyon ak pouvwa byen balanse."

Enfòmasyon pou elèv yo kenbe nan tèt yo apre sesyon an:

Lè gen fòs kote oubyen dominasyon anndan yon relasyon koup, nou rele sa "dezekilib pouvwa". Dezekilib pouvwa sa a gen anpil move konsekans sou koup la tankou vyolans, maladi ak lòt pwoblèm e menm sou fanmi koup la ak kominote a. Lè gen bon relasyon byen balanse ant 2 moun nan yon koup, gen anpil avantaj tankou kè kontan, bon jesyon lajan fwaye a, elatriye.

Evalyasyon elèv:

Pwofesè a kapab deside kijan l ap fè evalyasyon elèv yo tankou, kòm devwa nan kay, nan tès nan fen chapit la, oubyen nan estil oral nan fen kou a, elatriye.

Ekri 2 paragraf:

- Èske ou kwè relasyon de moun nan yon koup ki byen ekilibre posib? Si wi, poukisa? Si non, poukisa?
- Ki konparezon nou ka fè ant 2 moun nan yon koup k ap ekilibre pouvwa yo ak 2 sosyete k ap eklibre pouvwa yo?

Tèm: Balans Pouvwa

Kwè nan balans pouvwa

(30 minit)

Objektif:

- Ede elèv yo wè kèk egzanp konkrè sou balans pouvwa.
- Pèmèt elèv yo kòmanse kwè nan balans pouvwa kòm reyalite.

Preparasyon pwofèsè a bezwen fè:

- Fè analiz ak rechèch epi vini ak detwa egzanp kote moun te byen sèvi ak pouvwa yo pou ede lòt moun jwenn pouvwa nan listwa. Kèk egzanp kapab Fason Claire Heureuse te konn sèvi ak pozisyon li pou li epanye moun pou yo pa viktim, oubyen lòt. Oubyen ou ka sèvi ak egzanp pèsonèl tankou jan manman w te ye avè w, yon lidè nan zòn nan ki ede moun aprann li san li pa touche pou sa, elatriye.

Pwopozisyon fason pou ou soti nan liv la pou ou antre nan tèm nan:

Esplike : *"Anpil fwa, lè nou ap li istwa nou ka panse moun fèt pou youn sou tèt lòt. Men, nou wè tout avantaj sa genyen lè moun aprann balanse pouvwa yo byen youn ak lòt, san fòs kote. Fason nou ap viv jodi a gen rapò ak kilti nou, e nou konnen sosyete a kapab chanje. Men sa mande pou nou pa repete egzanp negatif konfli, lagè ak dominasyon, men pou nou aprann bon egzanp ki genyen yo epi swiv yo. Jodi a, nou pral brase lide epi aprann pi plis sou egzanp kèk moun nan listwa ak nan anviwonman nou ki byen balanse pouvwa yo ak lòt moun, pou nou ka kòmanse kwè nan balans pouvwa."*

Egzèsis:

1) Mande: "Èske nou wè sa posib pou genyen yon relasyon ekilibre? Poukisa wi oubyen poukisa non?"

2) Bay youn oubyen de egzanp moun nan istwa ki byen sèvi ak pouvwa yo pou ede plis moun jwenn pouvwa, san yo pa t sèvi ak vyolans yo menm.

3) Mande: "Ki egzanp nou wè nan lavi nou oubyen nan istwa kote moun byen ekilibre pouvwa yo egal-ego ak lòt moun?"

4) Asire w chak elèv ki pale esplike kijan moun nan byen balanse pouvwa li ak lòt moun.

5) Remèsye elèv yo pou bon lis la.

6) Esplike: "Genyen anpil egzanp nan istwa kote moun te mal sèvi ak pouvwa yo sou tèt lòt moun. Men tou, gen anpil moun ki travay pou chanjman sosyal, epi ki eseye byen balanse pouvwa yo ak lòt moun. Li enpòtan pou nou gade egzanp pozitif sa yo tou, epi pou nou wè wòl nou nan chanjman sosyal. Nou chak kapab kòmanse kwè pouvwa byen eklibre nan sosyete a posib."

Enfòmasyon pou elèv yo kenbe nan tèt yo apre sesyon an:

Genyen anpil egzanp nan istwa kote moun te mal sèvi ak pouvwa yo sou tèt lòt moun. Men tou, gen anpil moun ki travay pou chanjman sosyal, epi ki eseye byen balanse pouvwa yo ak lòt moun. Li enpòtan pou nou gade egzanp pozitif sa yo tou, epi pou nou chwazi wòl nou pou chanjman sosyal.

Evalyasyon elèv:

Pwofesè a kapab deside kijan l ap fè evalyasyon elèv yo tankou, kòm devwa nan kay, nan tès nan fen chapit la, oubyen nan estil oral nan fen kou a, elatriye.

- Mande elèv yo kòmanse veye nan anviwonman yo pou wè bon egzanp moun k ap byen ekilibre pouvwa yo youn ak lòt. Fè chak elèv fè yon lis 5 bon egzanp yo konn viv.

Nòt

1 Sòti nan kourikoulòm lekòl fondamantal, Enstiti Pedagojik Nasyonal(IPN) yon antite Ministè Edikasyon Nasyonal ak Fòmasyon Pwofesyonèl (MENFP), 3e sik, syans sosyal, 7e ane, 1990.

2 Sesyon sa a se yon adaptasyon apati materyèl SASA! ki fèt ak otorizasyon Raising Voices. Michau, L., Siebert, S. & Dessables, J.L. (2014). SASA! *Yon Gid Aktivis pou Anpeche Vyolans sou Fanm epi VIH/SIDA*. Dépôt légal 11-02-088. Port-au-Prince, ki se yon adaptasyon: Raising Voices (2008). SASA! *An Activist Kit for Preventing Violence against Women and HIV*. Kampala: Raising Voices.

3 Definisyon sa a adapte apati definisyon ki soti nan SASA! ak otorizasyon Raising Voices. Michau, L., Siebert, S. & Dessables, J.L. (2014). SASA! *Yon Gid Aktivis pou Anpeche Vyolans sou Fanm epi VIH/SIDA*. Dépôt légal 11-02-088. Port-au-Prince, ki se yon adaptasyon: Raising Voices (2008). SASA! *An Activist Kit for Preventing Violence against Women and HIV*. Kampala: Raising Voices.

4 Soti nan kourikoulòm lekòl fondamantal, Institut Pédagogique National (IPN), yon antite Ministère de l'Éducation Nationale et de la Formation Professionnelle (MENP), 3yèm sik, syans sosyal, 8yèm AF, 1990.

5 Naker, D. & Michau, L. (2004). *Rethinking Domestic Violence: A Training Process for Community Activists.* Kampala: Raising Voices.

6 Sesyon sa a se yon adaptasyon apati materyèl: *It's All One*. Population Council. (2012). *It's All One*, Book 2: Activities, edisyon revize, p. 76-78. Disponib sou www.itsallone.org

7 Ministère de l'Éducation Nationale et de la Formation Professionnelle (MENFP), Curriculum de l'école fondamentale, programme réoganisé, sciences sociales 9e année fondamentale, 2008-2009.

8 Sesyon sa a se yon adaptasyon apati materyèl: *It's All One.* Population Council. (2012). *It's All One,* Book 2: Activities, edisyon revize, p. 26-27. Disponib sou www.itsallone.org

9 Simon, Sidney B., Howe, Leland W. ak Kirschenbaum, Howard. (1972). *Values Clarification: A Handbook of Practical Strategies for Teachers and Students*. New York: Hart Publishing, 291–292.

KORE TIFI

Si w bezwen plis ransèyman, kontakte nou :
Repanse Pouvwa (509) 3617 1815 • annanpechevyolans@gmail.com • repansepouvwa.org • Beyond Borders • www.beyondborders.net •
Reyalizasyon : Ekip Repanse Pouvwa ak atis Chevelin Pierre